

# **MIPILI AYAT - AYAT AL QURAN SUCI**

Published by

**ISLAM INTERNATIONAL PUBLICATIONS LTD.**  
Islamabad, Sheephatch Lane, Tilford, Surrey, GU10 2AQ, U.K.

© 1988 Islam International Publications Limited.

ISBN 1 85372 100 X

Printed by  
RAQEEM PRESS  
Sheephatch Lane, Tilford, Surrey GU10 2AQ U. K.

1. Allah	1
2. Malaekat.	6
3. Al Qur'an suci.	9
4. Utusan	13
5. Nabi suci ing agami Islam	19
6. Pangibadahan	23
7. Siam	25
8. Nanjakaken arta ing margining Allah.	26
9. Minggah kaji lan Ka'bah.	29
10. Nyiaraken kabar suci dhateng umat manungsa.	32
11. Tata-gesang, tata-cara, tata-krama.	35
12. Dasar lampahing ekonomi.	40
13. Jihad, pambudidaya ing marganing Allah.	42
14. Aos (regen) lan watakipun para ingkang pitados.	45
15. Hak sami antawisipun priya lan wanita.	49
16. Awisan wontenipun renten lan anakan ingkang awrat.	52
17. Pawecan.	54
18. Paniti prikso urusan alam.	57
19. Sawatara donga ingkang kawulangaken ing Qur'an Suci.	60
20. Sawatara surat-surat ing Al-Qur'an kang cendhak-cendhak sing bisa diapalake.	64

## B E B U K A

- I. Saben ayat Al-Qur'an suci saged dipunmaknani gampil lan cetha, sa-ingga tiyang ingkang saweg kemawon miwiti maos terjemahan Al-Qur'an suci sampun saged nggambaraken sapinten luh lan jembaring wewarahipun.

Kajawi saking menika saben ayat nggadahi sesambetan kaliyan maneka-warni ayat-ayat sanesipun ingkang saged dados lantaran pambikaking pinten-pinten warni seserepan. Dados ayat-ayat menika ngemu suraos-suraos ingkang winados, dene kabikakkipun manawi sinambetaken kaliyat ayat sanesipun. Lampahipun sambet-sinambet wau mboten namung ayat kalian ayat kemawon, ugi gandheng-ceneng kaliyan surat-surat ing salebeting Al-Qur'an, menapa ing ngajeng, menapa ing wingkingipun.

Wewasan kados ingkang kasebat ing ngajeng menika nuwuhaken wontenipun kalih bab ingkang nyata :

- II a. Satunggaling terjemahan Al-Qur'an, kados menapa kemawon murnipun lan anggenipun ngetrapi maksudipun, nanging sajatosipun namung nglahiraken sawetawis saking artos lan makna ingkang dados isining Kitab suci wau. Satunggaling tafsir Al-Qur'an, kados menapa kemawon jembaring seserapanipun, ingkang ngarang, mboten badhe purun nggadahi pengaken, manawi tafsiripun menika sampun mumpuni nerangaken sadaya wewarah lan pangajeng-ajeng ingkang dados tujuanipun Kitab suci ingkang asli.

- II b. Adhedhasar pemanggih kasebat ing nginggil menika, mboten gampil, malah kening kawastanan mboten mungkin tiyang saged manggihaken ayat-ayat ing dalem Al-Qur'an ingkang saged nyakup sadaya maksud-dasar ingkang katerangaken ing dalem satunggiling kate-rangan.

Minangka conto, umpaminipun badhe milih ayat-ayat Al-Qur'an ingkang pundi ingkang saged nerangaken ngantos gamblang sistim ekonomi Islam ingkang kawedharaken dening gagasan-dasar ingkang asli. Adhedhasar pemanggih ingkang sampun kawedharaken, usahapipun mboten badhe saged kadumugen.

Kajawi menika wonten sebab-sebab sanes malih. Sistim ekonomi Islam menika sampun katerangaken cetha lan gamblang ing dalem ayat-ayat Al-Qur'an, kadang-kadang lantaran ayat-ayat ingkang

katingalipun mboten wonten sesambetanipun cetha kaliyan urusan ekonomi Islam.

Pancen, menawi kita wawas saestu, manungsa isen-isening jagad raya menika, ingkang sami nglahiraken isen-isening manahipun mawi mewarni basa, ingkang sami nganut kabudayan-kabudayanipun piyambak-piyambak ingkang mboten sami, ingkang kabage dados pinten-pinten suku, para titahing Allah ingkang kagolong sampurna piyambak menika dumugi dinten menika dereng kober ngedhuk isen-isening Kitab suci ingkang nggumunaken menika.

Pemanggih kita, kawontenan jagad ingkang sak mangke adamel bingunging memanahan kita-sami menika, kawontenan menika badhe meksa kita-sami merlokaken nyinau sining Kitab suci ingkang sampurna menika. Saestu, kawastanan memelas sanget, dene salebeting kawan-welas abad menika Al-Qur'an saweg katerjemahaken ing dalem basa manca sekedhik sanget, Kosok-wangsulipun Perjanjian Lama lan Perjanjian Baru sampun katerjemahaken ing dalem 1808 basa manca.

Sesambetan kaliyan kawontenan menika Jemaat Ahmadiyah ingkang tebaning langkahipun sampuk sak indengan donya sampun anggadahi rancangan ingkang agung lan mulya, inggih menika nerjemahaken isen-isening Al-Qur'an ingkang asifat adi-guna menika sakedhikipun ing dalem seket basa. Temtunipun kapilih rumiyin basa-basa ingkang langung jembar tebanipun, ingkang kagunakaken dening bangsa-bangsa maneka-warni. Ka-angkah badhe kaleksanakaken ing tahun 1989, inggih menika tahun umuring Jemaat Ahmadiyah jangkep madeg satus tahun.

Kajawi menika kita ugi nggadahi niat nyebaraken isining Al-Qur'an nanging dereng sadaya, saweg sawatawis ingkang perlu-perlu. Menika ugi badhe kita sebaraken dhateng seket golongan tetiyang ingkang migunakaken basa sanesipun malih. Inggih kantung menika kapilih tetiyang ingkang babar pisan utawi ingkang sekedhik sanget mangertosi agami Islam.

Kita nggadahi penjangka kasarengan donga, mugi-mugi lantaran ngamal kita mangke badhe kapareng kadumugen sedyo kita, inggih menika, suka unjukan toya suci agami Islam dhateng para tetiyang ingkang sampun ngelak toya rohani. Ugi kita nggadahi pangajengajeng, sarana menika ing mangkenipun saged lahir pepenginan enggal ing dalem manahipun tetiyang, kepingin mangertosi musthikaning Al-Qur'an ingkang awujud pitedah-pitedah utami lantaran wahyu-wahyu Ilahi, ingkang badhe adamel sampurnaning pribadi.

Pitakenan-pitakenan ngengingi caranipun Al-Qur'an ngantos saged katerjemahaken ing dalem pinten-pinten basa, saged dipun tujokaken dhateng penerbit utawi dhateng Missi Muslim Ahmadiyah ing negari ngriku utawi ing pusatipun.

Perlu kacathet, yen bab-bab ingkang sak ngandhapipun kaserat ayat-ayat Al-Qur'an menika sanes bagian saking ayat-ayat. Pramilu sami kaserat miyambak. Ayat-ayat Al-Qur'an ingkang kaimpun ing jilid menika pilihanipun panjenangipun Hazrat Mirza Tahir Ahmad. Pemimpin agung Jemaat Islam Ahmadiyah ingkang cabangipun sampun mencar ing tatalah donya.

S. H. ABBASI

Add. Wakil-ut-Tasneef  
&  
Nazir Ashaat  
London

## 1. ALLAH - PANGERAN.

(Allah) menika asmaning Ingkang Maha Wujud. Ing basa Arab, tembung "Allah" menika mboten kaginakaken nameni menapa kemawon lan sinten kemawon sanesipun Panjenenganipun Kang Maha Wujud. Nama-nama Pangeran menika ing basa sanes-sanes namung nerangaken sifat-sifat utawi kamulyanipun, lan sering nggadahi maksud wujud langkung saking satunggal, nanging tembung "Allah" mboten nate katujoaken wujud langkung saking satunggal. Rehning tembung "Allah" ingkang nggadahi maksud khusus makaten menika mboten wonten terjemahipun, pramila ing dalem terjemahan ngriki salajeningipun bade mboten kagunakaken.

Kalawan asmaning Allah, Ingkang Maha-Mirah, Maha Asih. Sadaya puji namung kagungan-Ipun Allah, Pangeraning jagad raya. Ingkang Maha-Mirah, Maha-Asih. Ingkang ngratoni dinten Piwales. Dhumateng Paduka kita manembah; dhumateng Paduka kita nyuwun pitulung. Mugi kersoa anuntun kita ing margi le-res. Marginipun para tetiyang ingkang Paduka ganjar kanikmatan, sanes marginipun tetiyang ingkang sami kadukunan lan sami kesasar. (1 : 1-7).

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ①

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ②

الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ③

مَلِكِ يَوْمِ الدِّينِ ④

إِيَّاكَ نَعْبُدُ وَإِيَّاكَ نَسْتَعِينُ ⑤

إِهْدِنَا الصِّرَاطَ الْمُسْتَقِيمَ ⑥

صِرَاطَ الَّذِينَ أَنْعَمْتَ عَلَيْهِمْ غَيْرِ

الْمَغضُوبِ عَلَيْهِمْ وَلَا الضَّالِّينَ ⑦

Kabeh isining langit-langit lan bumi padha mulyakake Allah, Panjenengane Maha-Kawasa lan Maha-Wicaksana. Kagungan-E Allah kabeh karaton langit lan bumi iku; Panjenengane aparing urip lan anetepake pati; nyata Panjenengane iku kawasa tumrap ing samubarang. Panjenengane iku Kang Wiwitan lan Kang Pungkasan, iya Nyata iya Samar, lan angudaneni marang samubarang. Panjenengane iku Kang wus nitahake langit-langit lan bumi ing sajroning nem mangsa, banjur jumeneng ana ing Arasy. Panjenengane uninga apa kang ambles ing bumi lan apa kang njedhul saka kono, apa kang cumlorot saka langit lan apa kang mlebat munggah saka kono. Lan Panjenengane nyartani sira ana ing ngendi bae sira iku. Sarta Allah ngudaneni apa kang sira tindakake. Karatoning langit-langit lan bumi iku kabeh kagungan-E, lan iya marang Allah pungkasing samubarang prakara. Panjenengane nglampahake wengi sumusup marang raina lan raina sumusup marang wengi; sarta Panjenengane iku ngudaneni apa karenteging ati. Imana marang Allah lan Utusane, lan tanjakna saperangan peparinge Allah saka bandha warismu. Dene sapa kang iman lan nanjakake bandha kanthi bener bakal gedhe ganjarane. (57:2-8)

Saisining langit-langit lan bumi kabeh padha mulyakake Allah; karaton lan pangalembana kabeh iku kagungan-E, lan Panjenengane iku kawasa marang samubarang dumadi. Iya Panjenengane kang nitahake sira kabeh, saweneh ana kang kafir lan saweneh ana kang iman;

سَبَّحَ لِلَّهِ مَا فِي السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَهُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٦﴾  
لَهُ مُلْكُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ يُحْيِي وَيُمِيتُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٧﴾

هُوَ الْأَوَّلُ وَالْآخِرُ وَالظَّاهِرُ وَالْبَاطِنُ وَهُوَ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمٌ ﴿٨﴾

هُوَ الَّذِي خَلَقَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ فِي سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوَىٰ عَلَى الْعَرْشِ يَعْلَمُ مَا يَلِجُ فِي الْأَرْضِ وَمَا يَخْرُجُ مِنْهَا وَمَا يَنْزِلُ مِنَ السَّمَاءِ وَمَا يَعْرَجُ فِيهَا وَهُوَ مَعَكُمْ أَيْنَ مَا كُنْتُمْ وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٥﴾

لَهُ مُلْكُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَإِلَى اللَّهِ تُرْجَعُ الْأُمُورُ ﴿٦﴾  
يُورِثُ اللَّيْلُ فِي النَّهَارِ وَيُورِثُ النَّهَارُ فِي اللَّيْلِ وَهُوَ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ﴿٧﴾

ءَاٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهِ وَاَنْفِقُوْا مِمَّا جَعَلَكُمْ مُسْتَحْلِفِيْنَ فِيْهِ فَاَلَّذِيْنَ ءَاٰمَنُوْا مِنْكُمْ وَاَنْفَقُوْا لَهُمْ اَجْرٌ كَبِيْرٌ ﴿٨﴾

الحديد: ٢ - ٨

سُبْحٰنَ لِلّٰهِ مَا فِي السَّمٰوٰتِ وَمَا فِي الْاَرْضِ لَهٗ الْمُلْكُ وَ  
لَهٗ الْحَمْدُ وَهُوَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيْرٌ ﴿٦﴾

هُوَ الَّذِي خَلَقَكُمْ فَنفَخَكُمْ كَافِرًا وَاَنْتُمْ مُّؤْمِنُوْنَ وَاللّٰهُ



temen Allah priksa apa kang sira tin-dakake. Panjenengane nitahake langit-langit lan bumi kanthi tujuan langgeng, Panjenengane mujudake sira lan agawe rupanira dadi becik, lan iya marang Panjenengane sira padha bali. Panjenengane ngudaneni sakabehe ing sajroning langit-langit lan bumi, lan Panjenengane priksa apa kang sira gawe wadi utawa kang sira blakakake; sarta Panjenengane iku uninga sabarang karenteging ati. (64 : 2-5)

Sayekti Allah iku Kang mlethekake wiji lan kenthos wohwohan. Panjenengane nyipta urip saka barang mati lan nyipta pati saka barang urip. Mangkono iku Allah; banjur geneya sira ora percaya? Panjenengane Kang mlethekake raina, sarta aparing wengi kanggo ngaso, apa dene srengenge lan rembulan kanggo petungan tetep. Mangkono iku wis dadi karsane Kang Maha-Kawasa, Maha-Wicaksana. Iya Panjenengane iku Kang wus nitahake lintang-lintang tumrap sira kanggo pepadhang nalika peteng ndedhet ana ing dharatan utawa tengahing samudra. Sayekti Ingsun wus njlentrehake Tanda-Tandha tumrap wong-wong kang lantip. Iya Panjenengane Kang nitahake sira saka jiwa siji, tumuli kaparingake ing panggonan kanggo sawatara wektu nuli panggonan kang tetep. Nyata Ingsun wus nerangake Ayat-Ayat tumrap wong-wong kang padha mangerti kawruh. Iya Panjenengane iku Kang nurunake banyu saka mendhung, banjur Ingsun nuwuhake sawarnaning thethukulan; tumuli saka kudhup-kudhup kang ijo-ijo Ingsun tuwuhake woh dhedhom-

يَمَاعْمَلُونَ بَصِيرَةً ﴿٣﴾

خَلَقَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ بِالْحَقِّ وَصَوَّرَهُمْ فَأَحْسَنَ

صَوْرَهُمْ وَإِلَيْهِ الْمَصِيرُ ﴿٤﴾

يَعْلَمُ مَا فِي السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَيَعْلَمُ مَا تُسْرُونَ وَمَا تُعْلِنُونَ

وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِذَاتِ الصُّدُورِ ﴿٥﴾

التعابن : ٢ - ٥

إِنَّ اللَّهَ فَالِقُ الْحَبِّ وَالنَّوَىٰ ۖ يُخْرِجُ الْحَىٰ مِنَ الْمَيِّتِ

وَيُخْرِجُ الْمَيِّتَ مِنَ الْحَىٰ ۚ ذَٰلِكُمْ اللَّهُ فَالِقَ النَّوَىٰ

تَوْفِكُونَ ﴿٦﴾

فَالِقُ الْأَصْبَاحِ ۖ وَجَعَلَ اللَّيْلَ سَكَنًا وَالشَّمْسَ وَالْقَمَرَ حُسْبَانًا ۚ ذَٰلِكَ تَقْدِيرُ الْعَزِيزِ الْعَلِيمِ ﴿٧﴾

وَهُوَ الَّذِي جَعَلَ لَكُمُ النُّجُومَ لِتَهْتَدُوا بِهَا فِي ظُلُمَاتِ اللَّيْلِ وَالْبَحْرِ ۗ قَدْ فَصَّلْنَا الْآيَاتِ لِقَوْمٍ يَعْلَمُونَ ﴿٨﴾

وَهُوَ الَّذِي أَنْشَأَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ فَمُسْتَقَرُّو

مُسْتَدْعٍ ۗ قَدْ فَصَّلْنَا الْآيَاتِ لِقَوْمٍ يَفْقَهُونَ ﴿٩﴾

polan. Dene saka wit kurma, saka manggare metu janjangane mbiyet manglung cendhek. Lan Ingsun nuwuhake kebon anggur, lan zaetun sarta delima salong madha rupa utawa beda. Lah padha mriksanana wohe manawa pinuju awoh lan banjur padha mateng. Yekti ing kono iku ana Bukti-Bukti tumrape wong kang padha iman. Ana dene wong-wong kang nganggep Jin sekutuning Allah, mangka Panjenengane kang anitahake iku; dheweke padha nganak-anakake kagem Panjenengane iku putra-putra lanang lan wadon, padha ngawur tanpa dhasar. Maha-Suci Panjenengane iku sarta Maha-Luhur, adoh banget sungstate saka panganggepe wong-wong mau.

(6 : 96 - 101)

Allah, ora nana Kang pantes sinembah kajaba Panjenengane, Sumbering gesang, Madeg Jumeneng Pribadi. Allah mono ora ketaman ing arip lan sare. Apa bae saisining langit-langit lan bumi iku Kagungane. Sapa ta sing bisa caos pamrayoga ing ngarsane Allah, kajaba kalawan palillahE? Panjenengane ngudaneni apa kang ana ing ngarepe lan apa kang ana ing burine; lan padha ora nyakup sethithik-thithika saka ngelmuNE, kajaba apa sapaallah-E. Ngelmu-ne ngliputi langit-langit lan bumi; lan rumeksa sakarone iku orang ngrepoti Panjenengane. Lan Panjenengane iku Maha-Luhur, Maha-Agung.

(2 : 256)

Panjenengane iku Allah, ora ana sesembahan kajaba Panjenengane, Kang ngudaneni sing katon lan sing ora katon.

وَهُوَ الَّذِي أَنْزَلَ مِنَ السَّمَاءِ مَاءً فَأَخْرَجْنَا بِهِ نَبَاتَ كُلِّ شَيْءٍ فَأَخْرَجْنَا مِنْهُ خَضِرًا نُخْرِجُ مِنْهُ حَبًّا مُتَرَاكِبًا وَمِنَ النَّخْلِ مِنَ طَلْعِهَا قِنْوَانٌ دَانِيَةٌ وَجَنَّتٍ مِّنْ أَعْنَابٍ وَالزَّيْتُونَ وَالرَّمَانَ مَشْتَبَهَا وَغَيْرَ مُتَشَبِهٍ أَنْظُرُوا إِلَى الثَّمَرِ إِذَا أَثْمَرَ وَيَنْعِهِ إِنَّ فِي ذَلِكُمْ لَآيَاتٍ لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿٩٦﴾  
 وَجَعَلُوا لِلَّهِ شُرَكَاءَ الْجِنَّ وَخَلَقَهُمْ وَخَرَفُوا لَهُ بَيْنَ وَبَيْنَ بَعْضِهِمْ بَعْضًا سُبْحَانَ اللَّهِ وَعَلَى عَمَّا يُصِفُونَ ﴿٩٧﴾

الانعام: ٩٦ - ١٠١

اللَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْحَيُّ الْقَيُّومُ لَا تَأْخُذُهُ سِنَّةٌ وَلَا نَوْمٌ لَهُ مَا فِي السَّمَوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ مَنْ ذَا الَّذِي يَشْفَعُ عِنْدَهُ إِلَّا بِإِذْنِهِ يَعْلَمُ مَا بَيْنَ أَيْدِيهِمْ وَمَا خَلْفَهُمْ وَلَا يُحِيطُونَ بِشَيْءٍ مِّنْ عِلْمِهِ إِلَّا بِمَا شَاءَ وَسِعَ كُرْسِيُّهُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ وَلَا يَئُودُهُ حِفْظُهُمَا وَهُوَ الْعَلِيُّ الْعَظِيمُ ﴿٢٥٦﴾

البقرة: ٢٥٦

هُوَ اللَّهُ الَّذِي لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ عَلَيْهِ السُّكُوتُ وَالشَّهَادَةُ هُوَ الرَّحْمَنُ الرَّحِيمُ ﴿٢٥٧﴾

Panjenengane iku Kang Maha-Mirah, Maha Asih. Panjenengane iku Allah, ora ana sesembahan kajaba Panjenengane, Kang Maha-Kawasa, Kang Maha-Suci, Sumbering Rahayu, Kang paring Pangayoman, Juru Rumeksa, Kang Prakosa, Kang Mranata, Kang Maha-Luhur. Maha-Suci Allah, beda saka apa bae kang padha dipadhakake Panjenengane. Panjenengane iku Allah, Ingkang Nitahake, Ingkang Gawe, Ingkang Nyithak, asma-asma kang adi luhung iku kagungan-E; Sabarang kang ana ing langit-langit lan bumi padha Maha-sucekake Panjenengane, lan Panjenengane Maha-Kawasa, Maha-Wicaksana.

(59 : 23-25).

هُوَ اللَّهُ الَّذِي لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْمَلِكُ الْقَدُّوسُ  
السَّلَامُ الْمُؤْمِنُ الْمُهَيَّبُ الْعَزِيزُ الْجَبَّارُ  
الْمُتَكَبِّرُ سُبْحَانَ اللَّهِ عَمَّا يُشْرِكُونَ

هُوَ اللَّهُ الْخَلِيقُ الْبَارِئُ الْمُصَوِّرُ لَهُ الْأَسْمَاءُ  
الْحُسْنَى يُسَبِّحُ لَهُ فِي السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَهُوَ

الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٢٥﴾ الحشر: ٢٣ - ٢٥

## 2. MALAEKAT

Tembung "malaekat" ing basa gancaran tegesipun "pangemban dawuh" jaga titipan. Menika ngandaraken bab tumitahing malaekat-malaekat. Malaekat menika ndumungekaken dawuhipun Pangeran lan nindakaken karsanipun ing saindenging alam. Dados malaekat menika kalebet peranganing pirantos kangge ngleksanakaken kersanipun Pangeran ing alam jasmaniah lan alam rokhaniah.

Ing alam rokhani daya pengaruhiing malaekat menika sak nalika lan mboten perlu mawi sesambetan sanesipun. mBoten mitadosi dateng malaekat ateges mbuntu margining pitedahing Pangeran dhumateng manungsa.

Sakabehing puji kagungane Allah, Kang nitahake langit-langit lan bumi, Kang marentah para malaikat dadi utusan, duwe swiwi loro, telu utawa papat. Panjenengane nambahi apa sakarsane, Allah mono kawasa tumraping samubarang. (35:2)

الْحَمْدُ لِلَّهِ فَاطِرِ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ جَاعِلِ الْمَلَائِكَةِ  
رُسُلًا أُولِي أَجْنِحَةٍ مَّثْنَى وَثُلَاثَ وَرُبْعٌ يَزِيدُ فِي الْخَلْقِ  
مَا يَشَاءُ إِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢﴾

فاطر: ٢

Ucapna : "Sapa bae sing dadi mungsuhe Jibril - mangka iki kang njalari tumurune Qur'an ing atinira kalawan idining Allah, ngganepi wahyu kang tumurun mbiyen, kang minangka tuntunan sarta ramalan tumrap para mukmin." Sapa bae sing mungsuhi Allah lan para malaikate, utawa para utusane lan Jibril dalah Mikail; sayekti Allah banjur dadi mungsuhe wong-wong kafir ngono kuwi. (2 : 98 - 99)

قُلْ مَنْ كَانَ عَدُوًّا لِجِبْرِيلَ فَإِنَّهُ نَزَّلَهُ عَلَى  
قَلْبِكَ بِإِذْنِ اللَّهِ مُصَدِّقًا لِمَا بَيْنَ يَدَيْهِ وَ

هُدًى وَبُشْرَى لِلْمُؤْمِنِينَ ﴿٩٨﴾

مَنْ كَانَ عَدُوًّا لِلَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَرُسُلِهِ  
وَجِبْرِيلَ وَمِيكَالَ فَإِنَّ اللَّهَ عَدُوٌّ لِلْكَافِرِينَ ﴿٩٩﴾

البقرة: ٩٨ - ٩٩

Ora aran kautaman yen sira ngadhupake rainira mangetan utawa mangulon, nanging utama sejati yaiku anggoniro padha iman marang Allah lan Dina Kiamat, uga marang Kitab lan para Nabi, sarta padha nanjakake bandhane karana asih tresna marang Panjenengane, marang kerabate lan bocah bocah yatim, uga marang wong-wong miskin lan para wong lelungan sarta wang-wong sing njejaluk, lan kanggo ngluwari tawanan, utawa kang padha netepi shalate lan mbayar zakat; sarta wong-wong kang padha rethepe janji manawa duwe janji, lan wong-wong sing sabar nalika kahanane kekurangan lan kasangsaan sarta ing wektu perang, mangkono kuwi nyata wong-wong sing temen lan takwa.

(2: 178)

Utusan Ingsun iki iman marang apa kang wus kawah yokake marang Panjenengane saka Pangerane, lan mangkono ugo para mukmin : kabeh padha iman marang Allah lan para Malaikat-E lan Kitab Kitabe, sarta para Utusane.

(2: 286)

Allah milih para Utusane ing antarane para Malaikat lan para manungsa. Sayekti Allah iku Maha-Amiarsa, Maha-Priksa.

(22 : 76)

لَيْسَ إِلَهٌ إِلَّا أَنْ تُولُوا وَجُوهَكُمْ قِبَلَ الْمَشْرِقِ  
وَالْمَغْرِبِ وَلَكِنَّ الْإِلَهَ مَنْ أَمَّنَ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ  
الْآخِرِ وَالْمَلَائِكَةَ وَالْكِتَابِ وَالنَّبِيِّنَ وَءَاتَى  
الْمَالَ عَلَىٰ حُبِّهِ ذَوِي الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَامَىٰ  
وَالْمَسْكِينِ وَابْنَ السَّبِيلِ وَالسَّائِلِينَ وَفِي  
الرِّقَابِ وَأَقَامَ الصَّلَاةَ وَءَاتَى الزَّكَاةَ  
وَالْمُؤَفَّقُونَ بَعْدَهُمْ إِذَا عَاهَدُوا وَالصَّابِرِينَ  
فِي الْبَأْسَاءِ وَالضَّرَّاءِ وَحِينَ الْبَأْسِ أُولَئِكَ الَّذِينَ  
صَدَقُوا وَأُولَئِكَ هُمُ الْمُتَّقُونَ ﴿١٧٨﴾

البقرة: ١٧٨

ءَامَنَ الرَّسُولُ بِمَا أُنزِلَ إِلَيْهِ مِنْ رَبِّهِ ۗ وَالْمُؤْمِنُونَ  
كُلٌّ ءَامَنَ بِاللَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ وَكُتُبِهِ وَرُسُلِهِ ۗ لَا تَفْرُقُ  
بَيْنَ أَحَدٍ مِنْ رُسُلِهِ ۗ وَقَالُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا  
ۗ غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ ﴿٢٨٦﴾

البقرة: ٢٨٦

اللَّهُ يَصْطَفِي مِنَ الْمَلَائِكَةِ رُسُلًا وَمِنَ  
النَّاسِ ۗ إِنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ بَصِيرٌ ﴿٧٦﴾

الحج: ٧٦

E. Wong-wong kang padha iman. Padha imana marang Allah lan Utusane, lan marang Kitab kang wus didhawuhake

يَتَّخِذُ الَّذِينَ ءَامَنُوا ءَامِنُوا بِاللَّهِ وَرُسُولِهِ ۗ وَالْكِتَابِ

marang Utusane, lan marang Kitab kang didhawuhake sadurunge. Dene sapa sing ngemohi Allah lan para Malaikate, lan Kitab-kitabe lan para Utusane, sarta dina kiamat, temenan dheweke wus padha kesasar adoh. (4 : 137)

الَّذِي نَزَّلَ عَلَىٰ رَسُولِهِ ۚ وَالْكِتَابِ الَّذِي أَنْزَلَ  
 مِنْ قَبْلُ ۚ وَمَنْ يَكْفُرْ بِاللَّهِ وَمَلَائِكَتِهِ ۚ وَكُتُبِهِ ۚ وَرُسُلِهِ ۚ  
 وَالْيَوْمِ الْأَخِيرِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَالًا بَعِيدًا ﴿١٣٧﴾

النساء : ١٣٧

### 3. QUR'AN SUCI.

Qur'an menika nami ingkang kaparingaken dening Pangerna Piyambak dhumateng buku ingkang kawahyoaken dhateng Nabining agami Islam ingkang suci, ingkang ngemot hukum panggesanganing umat manungsa ingkang sampurna. Tembung "Qur'an" tegesipun buku ingkang supados dipun waos. Qur'an, pancen ing ngalam donya menika satunggiling buku ingkang kawaos langkung katah piyambak. Tembung menika uga nggadahi maksud buku pawartos, ingkang maksudipun supados dipun siaraken lan dipun dumugeaken dateng umat. Namung Qur'an piyambak, buku ingkang kasiaraken tanpa kawatesan wekdal lan papanipun. Menawi buku sanesipun menika kawaos ing wekdal ingkang katemtoaken dening golongan ingkang khusus. Qur'an menika prayogi kawaos ing wekdal menapa kemawon lan dening golongan menapa kemawon.

Alif Lam Mim. Yaiki Kitab kang sampurna; ora samar ora semang, minangka tuntunan tumrap wong sing taqwa. (2 :2-3)

الٓرٓ

ذٰلِكَ الْكِتٰبُ لَا رَيْبَ فِيْهِ هَدٰى لِّلَّذِيْنَ

البقرة: ٢ - ٣

Sayekti iki Qur'an kang minulya, Ing sajroning Kitab kang tuhu rineksa. (56 : 78 - 79)

اِنَّهٗ لَقُرْءٰنٌ كَرِيْمٌ ﴿٧٨﴾

فِيْ كِتٰبٍ مَّكْنُوْنٍ ﴿٧٩﴾

الواقعة: ٧٨ - ٧٩

Ing njerone ana dhawuh-dhawuh kang langgeng. (98 : 4)

فِيْهَا كُتِبَ قِيَمَةٌ ﴿٩٨﴾

البيئـة: ٤

Allah wus nurunake sabecik-beciking Dhawuh arupa Kitab, kang perangan siji lan sijine padha nyocogi lan dibolanbaleni, agawe mringinge wong-wong kang padha wedi Pangerane, tumuli ku-

اللّٰهُ نَزَلَ اَحْسَنَ الْحَدِيْثِ كِتٰبًا مُّتَشٰبِهًا مَّثٰنِيْ  
نَفْسَعْرِمْنَهٗ جُلُوْدُ الَّذِيْنَ يَحْشَوْنَ رَبَّهُمْ ثُمَّ تَلِيْنُ

lite lan atine padha luruh karena eling marang Allah. Mangkono panuntune Allah; Panjenengane nuntun sapa kang den kersakake. Dene sapa kang den sasarak Allah - yekti dheweke iku ora bisa duwe juru panuntun. (39 : 24)

جُلُودَهُمْ وَفُلُوهُمْ إِلَىٰ ذِكْرِ اللَّهِ ذَلِكِ هَدَىٰ اللَّهُ  
يَهْدِي بِهِ مَنْ يَشَاءُ وَمَنْ يُضِلِلِ اللَّهُ فَهُوَ لَمْ يَنْ  
هَادٍ ﴿٢٤﴾

الزمر: ٢٤

Ha Mim. Kanthi Kitab kang gamblang iki. Ingsun wus nitahake Qur'an mono nganggo basa kang cetha lan wijang supaya sira bisa mangerti. Sayekti iki ana ing Baboning Kitab kang ana ing ngarsa-Ningsun, unggul sarta kebak kawicaksanaan. (43 : 2-5)

حَمِّ  
وَالْكِتَابِ الْمُبِينِ ﴿٣﴾  
إِنَّا جَعَلْنَاهُ قُرْآنًا عَرَبِيًّا لَعَلَّكُمْ تَعْقِلُونَ ﴿٤﴾  
وَإِنَّهُ فِي أُمِّ الْكِتَابِ لَدَيْنَا لَعَلِّ حَكِيمٌ ﴿٥﴾

الزخرف: ٢ - ٥

Temen, wus Ingsun tawakake amanat syari'at marang langit-langit lan bumi sarta gunung-gunung, nanging padha ora saguh nampa amanat iku. Banjur manungsa kang gelem mikul iku. Sanyatane manungsa iku watake gampang nganiaya lan sembrana. Akhiré Allah banjur karsa nyiksa wong-wong lanang munafik lan wadon munafik, wong-wong lanang musyrik lan wadon musyrik; dene Allah iku tansah asipat asih marang wong-wong lanang iman lan wadon iman; sarta Allah iku Maha-Paring Pangapura lan Maha-Asih. (33: 73-74).

إِنَّا عَرَضْنَا الْأَمَانَةَ عَلَى السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَالْجِبَالِ  
فَأَبَيْنَ أَنْ يَحْمِلْنَهَا وَأَشْفَقْنَ مِنْهَا وَحَمَلَهَا الْإِنْسَانُ إِنَّهُ  
كَانَ ظَلُومًا جَهُولًا ﴿٧٣﴾  
لَيُعَذِّبَ اللَّهُ الْمُنَافِقِينَ وَالْمُنَافِقَاتِ وَالْمُشْرِكِينَ  
وَالْمُشْرِكَاتِ وَيَتُوبُ اللَّهُ عَلَى الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ  
وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَحِيمًا ﴿٧٤﴾

الأحزاب: ٧٣ - ٧٤

Ucapna, "Saupamane manungsa lan jin padha kumpul gawe sing memper Qur'an iki, ora bakal padha bisa madhani iku, sanadyan padha bantu-binantu siji lan sijine. Lan temen wus Ingsun andharake tumrap manungsa nganggo cara mawarna-warna sanepa-sanepa ing sajrone Qur'an iki, nanging akeh-akehe

قُلْ لَئِنِ اجْتَمَعَتِ الْإِنْسُ وَالْجِنُّ عَلَىٰ أَنْ يَأْتُوا بِمِثْلِ هَذَا  
الْقُرْآنِ لَا يَأْتُونَ بِمِثْلِهِ وَلَوْ كَانَتْ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ  
ظَهِيرًا ﴿٨١﴾



manungsa maido sakabehe mau lan banjur mung padha dadi kafir. (17 : 89-90)

أَكْثَرُ النَّاسِ إِلَّا كُفُورًا ﴿١٥﴾

بنی اسرائیل : ۸۹ - ۹۰

Samungguh Ingsun nurunake Qur'an iki marang sawijining gunung, mesthi sira bakal weruh gunung iku tumungkul lan banjur ambyar karena wedi marang Allah. Mangkono iku sanepa-sanepa kang Ingsun wedharake tumrap manungsa supaya padha bisa mikir. (59: 22)

لَوْ أَنزَلْنَاهَا هَذَا الْقُرْآنَ عَلَىٰ جَبَلٍ لَّرَأَيْتَهُ خَاشِعًا مُّتَصَدِّعًا مِّنْ خَشْيَةِ اللَّهِ وَتِلْكَ الْأَمْثَلُ

نَضْرِبُهَا لِلنَّاسِ لَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُونَ ﴿٢٢﴾

الحشر: ٢٢

Apa bisa, ana wong kang duwe bukti terang nyata saka Pangerane, lan kang banjur disusul dening saksi saka Pangerane kang mbuktekake benere, mangka uga wus didhisiki Kitabe Musa kang minangka pituduh lan tandha asih, mangkono mau diarani tukang apus krama? Wong-wong kang padha nalar padha percaya iki, lan sapa kang nolak, padha ngaburake iku, lan temen Geni kang bakal dadi papane kang mesthi. Mulane aja sira padha ragu tumrap prakara iku. Temen, iki prakara bener saka Pangeranira; nanging akeh-akehe wong padha ora iman. (11 : 18).

أَفَمَن كَانَ عَلَىٰ بَيْنَةٍ مِّن رَّبِّهِ وَيَتْلُوهُ شَاهِدٌ مِّنْهُ وَمِن قِبَلِهِ كِتَابٌ مُّوسَىٰ إِمَامًا وَرَحْمَةً أُولَٰئِكَ يُؤْمِنُونَ بِهِ. وَمَن يَكْفُرْ بِهِ. مِنَ الْأَحْزَابِ فَالنَّارُ مَوْعِدُهُ. فَلَا تَكُ فِي مِرْيَةٍ مِّنْهُ إِنَّهُ الْحَقُّ مِن رَّبِّكَ

وَلَكِن أَكْثَرُ النَّاسِ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿١٨﴾

هود : ١٨

Lan iki Kitab kang Ingsun turunake kebak barokah, ngganepi dhawuh-dhawuh sadurunge, supaya sira bisa pepepling marang wong-wong ing Punjering kutha-kutha lan ing sakiwo tengene. (6 : 93)

وَهَذَا كِتَابٌ أَنْزَلْنَاهُ مِبْرَارًا مُّصَدِّقُ الَّذِي بَيْنَ يَدَيْهِ وَلِتُنذِرَ أُمَّ الْقُرَىٰ وَمَنْ حَوْلَهَا

الأنعام : ٩٣

Dina iki Ingsun wus nyampurnakake agamanira tumrap sira, lan Ingsun wus ngganepi nugraha-Ningsun sarta milihake sira Islam minangka agama. (5:4)

الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَأَتَمَمْتُ عَلَيْكُمْ نِعْمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ الْإِسْلَامَ دِينًا

المائدة : ٤

Lan iki Kitab (Qur'an) kang Ingsun turunake, kitab kang diberkahi. Mula padha estokna. Den padha takwa supaya sira diparingi rahmat. (6:156)

وَهَذَا كِتَابٌ أَنْزَلْنَاهُ مَبْرُوكٌ فَاتَّبِعُوهُ وَاتَّقُوا لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿١٥٦﴾

الأنعام: ١٥٦

Lan Ingsun turunake sajroning Qur'an obat (tamba) lan rahmat kanggo para wong iman. Nanging tumrap kang padha durjana malah nambahi rugi. (17:83)

وَنَزَّلْنَا مِنَ الْقُرْآنِ مَا هُوَ شِفَاءٌ وَرَحْمَةٌ لِّلْمُؤْمِنِينَ وَلَا يَزِيدُ الظَّالِمِينَ إِلَّا خَسَارًا ﴿٨٣﴾

بنی اسرائیل: ٨٣

#### 4. UTUSAN

Qur'an netepaken, menawi Allah sampun ngintun pangreksa dateng saben bangsa, ingkang sami ngyakini leresanipun lan sucinipun saben utusan. Utusan-utusan sampun kakintun kangge bangsa-bangsa ingkang tentu kados ingkang kasebat ing sejarah supados mangabekti dateng Allah. Kangjeng Nabi ingkang suci menika ingkang kautus minangka utusan penutup tumrap utusan ingkang ngampil sarengat. Salajeningipun utusan kakintun terus namung ing dalem golongan Islam perlu amangsuli malih tindak lampahipun Nabi suci tanpa ngewahi sarengatipun. Qur'an ngganbaraken mboten namung langkah kemajenganipun para utusan, nanging ugi nggambaraken tindak-tandukipun tetiyang ingkang mengsahi para utusan. Fir'aun menika ingkang dados pasemonipun ing dalem Qur'an kangge tetiyang ingkang mengsahi utusaning Allah.

---

Allah milih para Utusane antaraning para malaikat lan para manungsa. Sa-yekti Allah iku Maha-Amiarsa, Maha-Priksa. (22 : 76)

اللَّهُ يَصْطَفِي مِنَ الْمَلَائِكَةِ رُسُلًا وَمِنَ  
النَّاسِ إِنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ بَصِيرٌ ﴿٧٦﴾  
الحج : ٧٦

Lan temen ing saben ummat Ingsun wus ngutus utusan, pangucape : "Pada nyembaha Allah lan sumingkira saka Kang Ala". Tumuli ing antaraning wong-wong mau ana kang pinaringan tuntunan dening Allah lan ana kang tiba cilaka. Mula lumakua ing bumi, lan delengen kepriye kawusanane wong-wong kang nganggep para Nabi iku tukang apus-apus. (16 : 37)

وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَسُولًا أَنِ اعْبُدُوا  
اللَّهَ وَاجْتَنِبُوا الطَّاغُوتَ فَمِنْهُمْ مَن هَدَى اللَّهُ  
وَمِنْهُمْ مَن حَقَّتْ عَلَيْهِ الضَّلَالَةُ فَسِيرُوا فِي  
الْأَرْضِ فَانظُرُوا كَيْفَ كَانَ عَاقِبَةُ  
الْمُكَذِّبِينَ ﴿٣٧﴾  
النحل : ٣٧

Nalika Pangeranira ngandika marang para Malaikat : "Ingsun arsa andadekake wong kang marentah ana ing bumi," pada munjuk : "Punapa Paduka badhe ndadosaken tiyang ingkang badhe damel dredah ing ngriku sarta ngutahaken rah? - Mangka kawula punika sami mulyakaken Paduka kanthi puji lan ngluhuraken kasucian Paduka." Pangandikane : "Ingsun iki Maha-Wikan barang kang sira padha ora weruh." (2 : 31)

Sayekti Ingsun wus ndhawuhake marang sira, kaya dene Ingsun wus ndhawuhake marang Nuh lan para Nabi sawise; lan Ingsun paring wahyu marang Ibrahim lan Ismail lan Ishaq lan Yakub sarta para turune lan marang 'Isa lan Ayub lan Yunus lan Harun, apadene Sulaiman, sarta Ingsun amaringi Dawud Kitab. Lan Ingsun ngutus para Utusan kang wus Ingsun caritakake marang sira - sarta Ingsun ngandika marang Musa kanthi khusus. (4 : 164-165)

Lan elinga nalika Pangerane nyoba Ibrahim kanthi dhawuh kang warnawarna kang dheweke bisa ngrampung kabeh. Panjenengane ngandika, "Sayekti Ingsun ngersakake ndadekake sira imaming para manungsa." Ibrahim munjuk, "Lan punapa saking turunan kawula?" Panjenengane angandika : "Janjiningsun ora kalebu tumrap wong kang tumindak ala."

(2 : 125)

وَإِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلٰٓئِكَةِ اِنِّيْ جَاعِلٌ فِى الْاَرْضِ خَلِيْفَةً ۗ قَالُوْۤا اَجْعَلْ فِيْهَا مَنْ يُّفْسِدُ فِيْهَا وَيَسْفِكُ الدِّمَآءَ وَيَنْحُنُّ نُسُخًا يَّحْمَدُكَ وَنُقَدِّسُ لَكَ ۗ قَالَ اِنِّيْۤ اَعْلَمُ مَا لَا تَعْلَمُوْنَ ﴿۳۱﴾

البقرة: ٣١

اِنَّاۤ اَوْحَيْنَاۤ اِلَيْكَ كَمَاۤ اَوْحَيْنَاۤ اِلَى نُوْحٍ وَالنَّبِيِّۦنَ مِنْۢ بَعْدِهٖ ۗ وَاَوْحَيْنَاۤ اِلَىۤ اِبْرٰهِيْمَ وَاِسْمٰعِيْلَ وَاِسْحٰقَ وَيَعْقُوْبَ وَاِلٰى سَبْطٰٓءِ وَعِيْسٰى وَاَيُّوْبَ وَيُوْسُفَ وَهٰرُونَ وَسُلَيْمٰنَ ۗ وَاَتَيْنَاۤ دَاوُدَ رُ۫وْبٰرًا ﴿۱۲۴﴾

وَرُسُلًاۙ قَدْ قَصَصْنٰهُمْ عَلَيْكَ مِنْ قَبْلُ وَّرُسُلًاۙ لَّمْ نَقْصُصْهُمْ عَلَيْكَ ۗ وَكَلَّمَ اللّٰهُ مُوسٰى تَكْلِيْمًا ﴿۱۲۵﴾

النساء: ١٦٤ - ١٦٥

وَإِذْ اٰتٰنَاۤ اِبْرٰهِيْمَ رُبُّهُۙ بِكَلِمٰتٍ فَاَتَمَّهُنَّۙ قَالَ اِنِّىْ جَاعِلُكَ لِلنَّاسِ اِمَامًاۗ قَالَ وَاَمِّنْۙ ذُرِّيَّتِيْۗ قَالَ لَا يَنۢبَأُ عَهْدِيْ الظَّٰلِمِيْنَ ﴿۱۲۵﴾

البقرة: ١٢٥

Lan sayekti Ingsun wus maringi Musa Kitab lan Ingsun dhawuh marang Utusan-Utusan sawise, supaya nirua dheweke; lan marang Isa, putrane Maryam, Ingsun paring Tandha-Tandha yekti lan Ingsun kuatake dheweke sarene Ruh Suci. Geneya, saben-saben ana Utusan tumeka marang sira kang ora cocok karo kekarepanira, sira banjur kumalungkung : saperangan sira arani tukang apus-apus, saperangan liyane sira pateni.

(2 : 88)

Lan Ingsun nuntun turune Israel nya-brang segara; lan Raja Fir'aun sawadya balane nututi karana nindhes lan ngani-aya, nganti nalika dheweke anguwuh : "Kula pitados bilih boten wonten semsembahan kajawi Inggang dipun imami para Bani Israel, sarta kula punika kalebet para inggang sami sumarah! Apa! Saiki! sira orang manut sadurunge iki lan kelebu wong kang agawe kisruh. Ananging dina iki Ingsun arsa nylametakake badanira supaya sira dadi Tandha tumrap wong-wong mbesuke. Lan sayekti umume para manungsa padha orang nggatekake Tandha-Tandha Ningsun. (10 : 91-93)

Lan caritakna lelakone Maryam kaya dene kang kasebut ing Kitab. Nalika dheweke sumingkir saka kaum keluargane ing papan sisih wetan. Lan amasang aling-aling supaya ora katon, tumuli Ingsun ngutus Malaikat-Ingsun marang dheweke katon kaya wong lanang kang becik rupane. Dheweke ce-

وَلَقَدْ آتَيْنَا مُوسَى الْكِتَابَ وَقَفَّيْنَا مِنْ  
بَعْدِهِ بِالرُّسُلِ ۗ وَآتَيْنَا عِيسَى ابْنَ مَرْيَمَ  
الْبَيِّنَاتِ وَأَيَّدْنَاهُ بِرُوحِ الْقُدُسِ أَفَكُلَّمَا جَاءَ  
كُمْ رَسُولٌ بِمَا لَا تَهْوَى أَنْفُسُكُمْ اسْتَكْبَرْتُمْ  
فَفَرِّقُوا كَذِبْتُمْ وَفَرِيقًا نَقُلُّونَ ﴿٨٨﴾

البقرة : ٨٨

وَجَوَارِثًا بَنِي إِسْرَائِيلَ بِالْبَحْرِ فَأَتْبَعَهُمْ فِرْعَوْنُ وَ  
جُنُودَهُ بَعْثًا وَعَدُوًّا حَتَّى إِذَا دَرَكَهُ الْعُرْفُ قَالَ  
ءَأَمَنْتُمْ أَنَّهُ لَا إِلَهَ إِلَّا الَّذِي ءَأَمَنْتُمْ بِهِ يَوْمَ إِسْرَائِيلَ ۗ وَأَنَا  
مِنَ الْمُسْلِمِينَ ﴿٩١﴾

ءَأَكْفَرَ وَكَذَّبْتُمْ بِقَوْلِ رَبِّكُمْ كَذِبًا  
مِنَ الْمُفْسِدِينَ ﴿٩٢﴾

فَالْيَوْمَ نُنَجِّيكَ بِبَدْنِكَ لَتَكُوفُ لِمَنْ خَلَقَكَ ءَأَيُّهُ  
وَإِنْ كَثِيرًا مِّنَ النَّاسِ عَنِ ءَأَيِّنَا لَعَنُفُلُونَ ﴿٩٣﴾  
يونس : ٩١ - ٩٣

وَأَذْكُرُ فِي الْكِتَابِ مَرْيَمَ إِذِ اتَّيَدَّتْ مِنْ أَهْلِهَا  
مَكَانًا شَرِيفًا ﴿١٧﴾

فَاتَّخَذَتْ مِنْ دُونِهِمْ حِجَابًا فَأَرْسَلْنَا إِلَيْهَا رُوحَنَا  
فَتَمَثَّلَ لَهَا بَشَرًا سَوِيًّا ﴿١٨﴾

قَالَتْ إِنِّي أَعُوذُ بِالرَّحْمَنِ مِنْكَ إِنْ كُنْتَ تَقِيًّا ﴿١٩﴾

latu, "kawula nyuwun pangayoman dhumateng Ingkang Maha-Mirah saking sampeyan, manawi sampeyan saestu tiyang ingkang ajrih Panjenenganipun" Malaikat mangsuli : "Sakleresipun kula punika satunggiling Utusanipun Pangeran sampeyan ingkang dhawuh: "Manawa Ingsun arsa aparing sira anak lanang kang suci". Celatune : "Kados pundi anggen kula saged gadhah anak jaler, mangka dereng wonten tiyang jaler sasambetan kaliyan kula, punapa malih kula mboten nate lampah sedheng.?" Malaikat mangsuli : "Inggih mekaten punika. Saestu Pangeran sampeyan ngandika, "Satemene iku gampang tumrap Ingsun; lan Ingsun arep gawe kaya mangkono iku supaya dheweke dadi Tandha tumrap manungsa, lan uga sawijining rahmat saka Ingsun sarta iku sawijining prakara kang wus katetepake." Mangkono Maryam ngandhegake dheweke, lan sumingkir kanthi kandhutane menyang papan sing adoh. Lan larane saka anggone arep nglahirake meksa dheweke nyaketi wit kurma. Celatune : "Dhuh, mbok aku mati wingi-wingi bae, rak wis ora dadi pocapan!". Banjur Malaikat nguwuh dheweke saka sangisore, "Sampeyan boten perlu susah, saestu Pangeran sampeyan sampun damel sumber toya ing ngandap sampeyan". "Lan wit kurma punika sampeyan erog dhateng arah sampeyan; badhe ndhawahaken woh ingkang mateng lan seger." Mangga dhahara lan ngunjuka, lan ngasrepna paninggal sampeyan. Manawi sampeyan sumerap sadhengah tiyang, sampeyan wicanteni, "Kula saweg nadar pasa dhumateng Pangeran ingkang Maha-Mirah; Pramila

قَالَ إِنَّمَا أَنَا رَسُولُ رَبِّكِ لِأَهَبَ لَكِ غُلَامًا زَكِيًّا ﴿٢٣﴾

قَالَتْ أَنَّى يَكُونُ لِي غُلَامٌ وَلَمْ يَمَسِّنِي بَشَرٌ وَلَمْ أَكُ بَغِيًّا ﴿٢٤﴾

قَالَ كَذَلِكَ قَالَ رَبُّكِ هُوَ عَلَىٰ هَٰئِنَّا وَلِنَجْعَلَكَ آيَةً لِلنَّاسِ وَرَحْمَةً مِنَّا وَكَانَ أَمْرًا مَّقْضِيًّا ﴿٢٥﴾

فَحَمَلَتْهُ فَانْتَبَدَّتْ بِهِ مَكَانًا قَصِيًّا ﴿٢٦﴾  
فَاجَاءَهَا الْمَخَاضُ إِلَىٰ جِذْعِ النَّخْلَةِ قَالَتْ يَلَيْتَنِي مِتُّ قَبْلَ هَٰذَا وَكُنْتُ نَسِيًّا مَنْسِيًّا ﴿٢٧﴾

فَنَادَتْهَا مِنْ تَحْتِهَا أَلَا تَحْزَنِي قَدْ جَعَلَ رَبُّكِ تَحْتَكِ سَرِيًّا ﴿٢٨﴾

وَهَرَىٰ إِلَيْكَ بِجِذْعِ النَّخْلَةِ تُسْقِطُ عَلَيْكَ رَطْبًا حِينًا ﴿٢٩﴾

kula boten badhe wicanten dhateng sok sintena kemawon.” Maryam banjur nggawa putrane marang kaume, Padha celatu : ”E, Maryam. Nyata kowe wis nindakake sawijining laku sing saru.” ”E, sedulure wadon Harun, ramamu dudu wong ala lan ibumu dudu wong kang dhemen sedheng!” Tumuli Maryam anuding marangputrane. Padha celatu, ”Kepiye anggonku bisa omongan karo bocah kang isih cilik?” Isa ngandika, ”Aku iki kawulane Allah. Panjenengane wus maring aku Kitab, lan wus ngangkat aku dadi Nabi; Lan Panjenengane ndadekake aku kaberkahan ana ing sadhengah papan, sarta wus ndhawuhi aku supaya aku Shalat lan zakat sajege uripku; Lan Panjenengane wus ndadekake aku bekti marang ibuku, lan Panjenengane ora ndadekake aku gumedhe sarta cilaka. Lan kaslametan kaparingake aku ing dina aku kalahirake, lan besuk ing dina aku mati, lan ing dina aku bakal ditangekake urip maneh.” Mangkono iku kahanan Isa, anake Maryam. Iki keterangan kang bener, kang wong-wong padha mangang. (19 : 17-35)

Lan elinga nalika Allah mundhut janji saka ahli Kitab lantaran para Nabi, dha-wuhe : ”Apa wae kang Ingsun paringake sira saka Kitab lan Hikmahe, sabanjure nuli teka marang sira sawijining Utusan, cundhuk karo wahyu kang ana ing sira, sira kudu iman lan sira kudu

فَكُلِي وَاشْرَبِي وَقَرِّي عَيْنًا فَأِمَّا تَرَيْنَ مِنَ الْبَشَرِ أَحَدًا  
فَقُولِي إِنِّي نَذَرْتُ لِلرَّحْمَنِ صَوْمًا فَلَنْ أُكَلِّمَ الْيَوْمَ  
إِنْسِيًّا ﴿٢٧﴾

فَأَتَتْ بِهِ قَوْمَهَا تَحْمِلُهُ قَالُوا لِمَ يَمُرُّمُ لَقَدْ جِئْتِ  
شَيْئًا فَرِيًّا ﴿٢٨﴾

يَتَأَخَذَ هَهُنَا مَا كَانَ أَبُوكِ أَمْرًا سَوِيًّا وَمَا كَانَتْ  
أُمُّكِ بَغِيًّا ﴿٢٩﴾

فَأَشَارَتْ إِلَيْهِ قَالُوا كَيْفَ نَكَلِّمُ مَنْ كَانَ فِي الْمَهْدِ  
صَبِيًّا ﴿٣٠﴾

قَالَ إِنِّي عَبْدُ اللَّهِ آتَانِيَ الْكِتَابَ وَجَعَلَنِي نَبِيًّا ﴿٣١﴾  
وَجَعَلَنِي مُبَارَكًا أَيْنَ مَا كُنْتُ وَأَوْصَانِي بِالصَّلَاةِ  
وَالزَّكَاةِ مَا دُمْتُ حَيًّا ﴿٣٢﴾

وَبِرًّا بَوْلِدِي وَلَمْ يَجْعَلْنِي جَبَّارًا سَفِيًّا ﴿٣٣﴾  
وَالسَّلَامُ عَلَيَّ يَوْمَ وُلِدْتُ وَيَوْمَ أَمُوتُ وَيَوْمَ أُبْعَثُ  
حَيًّا ﴿٣٤﴾

ذَٰلِكَ عِيسَى ابْنُ مَرْيَمَ قَوْلَ الْحَقِّ الَّذِي فِيهِ  
يَمْتَرُونَ ﴿٣٥﴾

مریم : ۱۷ - ۳۵

وَإِذْ أَخَذَ اللَّهُ مِيثَاقَ النَّبِيِّينَ لَمَآءَآتِيكُمْ  
مِّنْ كِتَابٍ وَحِكْمَةٍ ثُمَّ جَاءَكُمْ رَسُولٌ

mbiyantu dheweke”. Panjenengane ngandika : ”Apa sira sarujuk, lan apa sira nyaguhi kuwajiban kang Ingsun pasrahake sira?”. Padha munjuk, ”Kawula sami sagah”. Panjenengane ngandika : ”Lan padha seksenana, dene Ingsun kalebu golongan kang padha neksemi.”

(3 : 82).

Elinga nalika Ingsun mundhut kasaguhane para Nabi kanthi janji kang mligi, lan saka sira, lan saka Nuh, saka Ibrahim, lan Musa, lan 'Isa anake Maryam; lan Ingsun sayekti mundhut kesaguhane dheweke kabeh kanthi janji kang temen. (33 : 8)

مُصَدِّقٌ لِّمَا مَعَكُمْ لَتُؤْمِنُنَّ بِهِءَ وَلَتَنْصُرُنَّهُ قَالَ  
 ءَأَقْرَرْتُمْ وَأَخَذْتُمْ عَلَىٰ ذَٰلِكُمْ إِصْرِي  
 أَقْرَرْنَا قَالَ فَأَشْهَدُوا وَأَنَا مَعَكُمْ مِنَ  
 الشَّاهِدِينَ ﴿٨٢﴾

آل عمران: ٨٢

وَإِذْ أَخَذْنَا مِنَ النَّبِيِّينَ مِيثَاقَهُمْ وَمِنكَ وَمِنْ نُوحٍ  
 وَإِبْرَاهِيمَ وَمُوسَىٰ وَعِيسَىٰ ابْنِ مَرْيَمَ وَأَخَذْنَا مِنْهُمْ مِّيثَاقًا  
 غَلِيظًا ﴿٨﴾

الأحزاب: ٨



## 5. NABI SUCI ING AGAMI ISLAM.

Nabi kasebat ing nginggil lahir ing Mekah ing wulan Agustus tahun 750 M. Panjenganipun pikantuk asma Mohammad, ingkang tegesipun : sing pinuji. Sasampunipun Nabi wau yuswa langkung saking tigang-dasa tahun, katawis saya cetha indaking raos sih katresnanipun dateng Pangeran. Panjenenganipun mbrantas pemanggih ingkang tujuanipun ngawontenaken sesembahan maneka warni lan ugi upacara-upacara ingkang mboten sae, ingkang sampun dados kapitadosanipun masarakat Mekah. Panjenenganipun manuhaken saluranipun semedi ing satunggaling guwa ingkang tebihipun antawis kalih-tiga mil. Sasampunipun yuswa kawan-dasa tahun Panjenenganipun nampi Wahyu ingkang kasebat ing Qur'an ing surat 96 : 2-6, ingkang wosipun Panjenenganipun kadhawuhan anggiaraken Asmaning Pangeran Tunggal, ingkang nitahaken umat manungsa, ugi ingkang nanem wijining katresnan dumateng Panjenenganipun Pribadi lan dateng para ingkang sami ngrungkebi miturut alamipun. Malah ugi sampun mecakaken umat manungsa badhe kawulang seserapan ma-warna-warni lantaran tulis/kalam. Ayat-ayat menika nge-mot sari ringkesanipun ing Qur'an.

---

E, Nabi, temen-temen Ingsun wus ngutus sira minangka seksi, lan juru warta bebungah sarta juru pepeling, Lan uga minangka juru pangajak marang Allah kanthi palilahe, lan minangka Suluh kang amadhangi. Lan Kabarna marang para mukmin pawarta-pawarta bebungah manawa dheweke bakal padha antuk ganjaran saka ngarsana Allah. Lan aja sira padha manut marang wong-wong kafir lan wong-wong lamis, sarta aja mreduli marang rerasanane wong-

يَا أَيُّهَا النَّبِيُّ إِنَّا أَرْسَلْنَاكَ شَهِيدًا وَمُبَشِّرًا  
وَنَذِيرًا ﴿٤٦﴾

وَدَاعِيًا إِلَى اللَّهِ بِإِذْنِهِ وَسِرَاجًا مُنِيرًا ﴿٤٧﴾  
وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِينَ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا

wong iku, nanging pasraha marang Allah; amarga Allah iku cukup minangka Panjayoman. (33 : 46-49).

فَضْلًا كَبِيرًا ﴿٤٨﴾

الأحزاب: ٤٦ - ٤٨

Kandhaa,"E. para manungsa! Setemene aku ini Utusan marang kowe kabeh saka Allah, Kang kagungan karatoning langit lan bumi. Ora ana Pangeran kajaba Panjenengane. Panjenengane gawe urip, lan Panjenengane gawe pati. Mula padha percayaa marang Allah lan Utusane, ya Nabi iku, kang Wuta Tulis, kang percaya marang Allah sarta dhawuh-dhawuh-E; lan padha ndhereka dhe-weke supaya sira katuntun kalawan be-ber. (7 : 159)

قُلْ يَتَذَكَّرُهَا النَّاسُ إِنِّي رَسُولُ اللَّهِ إِلَيْكُمْ جَمِيعًا الَّذِي لَهُ مُلْكُ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ يُحْيِي وَيُمِيتُ فَآمِنُوا بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ النَّبِيِّ الْأُمِّيِّ الَّذِي يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَكَلِمَاتِهِ وَاتَّبِعُوهُ لَعَلَّكُمْ تَهْتَدُونَ ﴿٤٩﴾

الأعراف: ١٥٩

Lan Ingsun ora ngutus sira kajaba minangka juru warta bebungah lan juru pepeling tumrap manungsa kabeh, nanging umume wong padha ora ngerti. (34 : 29)

وَمَا أَرْسَلْنَاكَ إِلَّا كَافَّةً لِّلنَّاسِ بَشِيرًا وَنَذِيرًا وَلَئِنَّ أَكْثَرَ النَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٢٩﴾

سبا: ٢٩

Lan tumrap sira, temenan, ana ganjaran kang tanpa kendhat salawase. Lan satemene sira iku nduweni budi luhur kang sampurna. (68 : 4-5)

وَإِنَّ لَكَ لَأَجْرًا غَيْرَ مَمْنُونٍ ﴿٤﴾

وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خَلْقٍ عَظِيمٍ ﴿٥﴾

القلم: ٤ - ٥

Muhammad iku dudu bapakne salah sawijining wong lanang ing antaranira, nanging Utusane Allah sarta Ecaping sakabehing Nabi; lan Allah iku Maha Ngudaneni samubarang dumadi. (33:41)

مَا كَانَ مُحَمَّدٌ أَبَا أَحَدٍ مِّن رِّجَالِكُمْ وَلَئِن رَّسُولَ اللَّهِ وَخَاتَمَ النَّبِيِّينَ وَكَانَ اللَّهُ بِكُلِّ شَيْءٍ عَلِيمًا ﴿٤١﴾

الأحزاب: ٤١

Satemenene tumrap sira sarirane Utusan Allah iku dadi tuladha kang utama kanggo sapa wae kang duwe pangarep-

لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِي رَسُولِ اللَّهِ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ لِّمَن كَانَ

arep ketemu marang Allah lan Dina Akhir sarta kang akeh elinge marang Allah. (33:22)

يَرْجُوا اللَّهَ وَالْيَوْمَ الْآخِرَ وَذَكَرَ اللَّهَ كَثِيرًا ﴿٣٣﴾  
الأحزاب: ٢٢

Satemen Allah ngirimake rahmat marang Nabi iki, lan para Malaiikat padha ndongakake. E, wong-wong mukmin! sira uga ngirim donga tumrap dheweke sarta salam kang kebak rahayu. (33:57)

إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا ﴿٥٧﴾  
الأحزاب: ٥٧

Panjenengane iku Kang wus ngutus Utusane kalawan tuntunan sarta agama kang bener, supaya Panjenengane ndadekake iku unggul tumrap agama-agama liyane. Lan wus cukup Allah minangka seksi. Muhammad iku utusane Allah. Lan para pendhereke asikep puguh marang para kafir, asikep sumanak marang kanca saphadhane. Sira padha weruh wong-wong iku padha rukuk lan sujud nalika Shalat, ngudi nugrahaning Allah sarta Ridlane. Tandhane katon ing raine, tipak olehe padha sujud. Mangkene iku gambaran kang kasebut ing Taurat. Dene gambarane ing Injil kaya sawijining winih kang thukul ngepang, banjur dadi kuwat; tumuli lemu lan santosa adeg ing wite, agawe senenge kang nandur - mangkono iku Panjenengane gawe muringe para kafir. Allah wus prajANJI marang sapa wae kang padha iman lan nindakake kebecikan, paring pangapura sarta ganjaran gedhe. (48 : 29-30)

هُوَ الَّذِي أَرْسَلَ رَسُولَهُ بِالْهُدَىٰ وَدِينِ الْحَقِّ لِيُظْهِرَهُ عَلَى الدِّينِ كُلِّهِ ۗ وَكَفَىٰ بِاللَّهِ شَهِيدًا ﴿٤٩﴾  
مُحَمَّدٌ رَسُولُ اللَّهِ وَالَّذِينَ مَعَهُ أَشِدَّاءُ عَلَى الْكُفَّارِ رَحِمَاءُ بَيْنَهُمْ تَرَاهُمْ رُكَّعًا سُجَّدًا يَبْتَغُونَ فَضْلًا مِنَ اللَّهِ وَرِضْوَانًا سِيمَاهُمْ فِي وُجُوهِهِمْ مِنْ أَثَرِ السُّجُودِ ۗ ذَٰلِكَ مَثَلُهُمْ فِي التَّوْرَةِ وَمَثَلُهُمْ فِي الْإِنْجِيلِ كَزَرْعٍ أَخْرَجَ شَطْأَهُ فَفَازَرَهُ فَاسْتَغْلَظَ فَاسْتَوَىٰ عَلَىٰ سُوقِهِ يُعْجِبُ الزُّرَّاعَ لِيُغَيِّظَ بِهِمُ الْكُفَّارَ وَعَدَّ اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ مِنْهُمْ مَغْفِرَةً وَأَجْرًا عَظِيمًا ﴿٣٥﴾

الفتح: ٢٩-٣٠

Kandhaa, "Manawa sira tresna marang Allah, padha manuta aku, Mangkono

قُلْ إِنْ كُنْتُمْ تُحِبُّونَ اللَّهَ فَاتَّبِعُونِي يُحْبِبْكُمُ اللَّهُ

Allah bakal asih marang sira lan ngapura dosa-dosanira. Allah iku Maha-Ngapura, Maha Asih.” 33. Kandhaa, ”Padha manuta Allah, sarta Utusane”; ananging yen dheweke padha mbalengani, lha elinga manawa Allah iku ora asih marang wong-wong kafir. (3 : 32-33)

E, utusan! Tekakna marang wong-wong apa kang wus kadhawuhake marang sira saka Pangeranira, lan manawa sira ora nindakake iki, ateges sira ora nekakake Dhawuhe. Lan Allah bakal ngayomi sira saka manungsa. Temenan, Allah ora nuntun wong-wong kafir. (5 : 68)

وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿٣٢﴾  
 قُلْ أَطِيعُوا اللَّهَ وَالرَّسُولَ فَإِن تَوَلَّوْا فَإِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْكَافِرِينَ ﴿٣٣﴾

آل عمران: ٣٢ - ٣٣

يَا أَيُّهَا الرَّسُولُ بَلِّغْ مَا أُنزِلَ إِلَيْكَ مِنْ رَبِّكَ وَإِن لَّمْ تَفْعَلْ فَمَا بَلَغْتَ رِسَالَتَهُ وَاللَّهُ يَعْصُمُكَ مِنَ النَّاسِ إِنَّ اللَّهَ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْكَافِرِينَ ﴿٦٨﴾

المائدة: ٦٨

## 6. PANGIBADAHAN.

Salat menika kalebet nomer kalih saking jejerings agami Islam, dene ingkang nomer satunggal inggih menika manunggaling Pangeran. Salat menika lampah ingkang sae piyambak kangge njejegaken lan ngiyataken panembahipun dateng ingkang Maha Nyipta lan ingkang nggiataken rumaketing manah dateng Pangeran. Menika satunggaling kedadosan ingkang limrah, Pangeran mireng lajeng paring Jawaban dateng ingkang salat (ndonga). Tata caraning panuwunan miturut agami Islam menika sak-nalika tanpa sesambetan, sumarahing rokh ing ngarsanipun ingkang dipun suwuni, inggih menika Ingkang Maha Agung, iang ngarsaning Allah ingkang Maha Mirah, Maha Asih lan Maha Kuwaos. Ing dalem pangibadahipun mboten perlu mawi lantaran antawisipun manungsa lan Ingkang Nitahaken.

---

Lan dheweke iku ora diparentah apa-apa kajaba supaya manambah marang Allah, ikhlas mbangun-turut marang Panjenengane, tulung, lan njaga shalate, sarta mbayar zakat. Ya mangkono iku agama kang bener. (98 : 6)

وَمَا أُمِرُوا إِلَّا لِيَعْبُدُوا اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ حُنَفَاءَ وَيُقِيمُوا الصَّلَاةَ وَيُؤْتُوا الزَّكَاةَ وَذَلِكَ دِينُ

الْقِيَامَةِ ﴿٦﴾

الْبَيْتَةِ : ٦

Lan Ingsun ora nitahake jin lan manungsa kajaba supaya padha manambah marang Ingsun. (51 : 57)

وَمَا خَلَقْتُ الْجِنَّ وَالْإِنْسَ إِلَّا لِيَعْبُدُونِ ﴿٥٧﴾

الذَّارِيَات : ٥٧

Ngadekna shalat nalika mudhuning srengenge nganti angsluping srengenge tumuju petenging wengi, lan macaan Qur'an ing parak esuk. Satemene maca Qur'an ing parak esuk iku tinampa ing

أَقْرِ الصَّلَاةَ لِلدُّلُوكِ الشَّمْسِ إِلَى غَسَقِ اللَّيْلِ وَقُرْءَانَ

الْفَجْرِ إِنَّ قُرْءَانَ الْفَجْرِ كَانَ مَشْهُودًا ﴿٥٨﴾

Pangeran kanthi rena. Lan tangia ing tengah wengi, iku minangka tambahing ngibadah-ira. Mbok manawa Pangeran-ira ngersakake ngunggahake sira marang drajad kang luhur. (17 : 79-80)

وَمِنَ اللَّيْلِ فَتَهَجَّدْ بِهِ نَافِلَةً لَكَ عَسَىٰ أَنْ يَبْعَثَكَ رَبُّكَ مَقَامًا مَّحْمُودًا ﴿٨٠﴾

بنی اسرائیل: ۷۹ - ۸۰

Jaganen shalat-shalat uga shalat kang tegah-tengah, lan ngadega ing ngarsaning Allah kalawan tundhuk. (2:239)

حَافِظُوا عَلَى الصَّلَوَاتِ وَالصَّلَاةِ الْوُسْطَىٰ  
وَقَوْمُوا لِلَّهِ قَلْبَيْنِ ﴿٢٣٩﴾

البقرة: ۲۳۹

## 7. SIAM.

Ing Qur'an katerangaken siam menika tumindakipun wiwit wekdal mlethekipun dumugi seraping surya ing wulan Siam utawi Ramadhan. Menika kuwajiban ingkang adamel indaking raos temen lan tumemen, ugi ingkang damel tiyang saged nglampahi ngantos dados tiyang luhur rokhaniah. Tiyang ingkang siam lajeng nggadahi ke-insafan dateng Sifat-sifat ingkang Maha Luhur lan Maha Mulya. Mila siam menika saged dados marginipun tiyang ingkang nedya anggayuh sifat-sifat luhur menika.

E, para kang padha iman! Pasa iku diwajibake tumrap sira, kaya anggone diwajibake tumrap wong-wong kang sadurungira, supaya sira dadia wong kang takwa. Pasa iku ing dina-dina kang katetepake wilangane, ananging sapa ing antaranira sing nandhang lara utawa pinuju lelungan, kudu pasa ing dina liyane kang padha wilangane; dene kanggo wong kang anggone nglakoni pasa kanthi rekasa banget, ana gantine fidyah yaiku sedhekah pangan marang wong miskin. Dene wong kang nindakake kabecikan kanthi eklasing ati, iku luwih becik tumrape dheweke. Lan pasa iku becik tumrap sira, manawa sira padha ngerti.

(2 : 184-185)

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الصِّيَامُ  
كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ  
لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ﴿١٨٤﴾

أَيَّامًا مَّعْدُودَاتٍ فَمَن كَانَ مِنكُم  
مَّرِيضًا أَوْ عَلَىٰ سَفَرٍ فَعِدَّةٌ مِّنْ أَيَّامٍ أُخَرَ  
وَعَلَى الَّذِينَ يُطِيقُونَهُ فِدْيَةٌ طَعَامُ  
مِسْكِينٍ مَّن تَطَوَّعَ خَيْرًا فَهُوَ خَيْرٌ لَّهُ وَأَن  
تَصُومُوا خَيْرٌ لَّكُمْ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿١٨٥﴾

البقرة : ١٨٤ - ١٨٥

## 8. NANJAKAKEN ARTA ING MARGINING ALLAH.

Cara ngirangi banda lan ngarahaken tujuanipun menika ing Qur'an kawasan zakat. Tembung menika artosipun : sing agawe resik lan wutuh. Sarana nyuda ingkang bagianipun masarakat saking bandanipun, tirahani-pun saged kapigunakaken sakkajengipun, lan ingkang kangge nyuda wau saged kapigunakaken kangge keperluaning masarakat. Raharjaning masarakat dados dipun jamin. Zakat menika ing dalem Islam jejer nomer tiga. Mila ing dalem Islam kagolong penting, minangka jaminan kangge umat.

---

Lan ngedegna shalat lan mbayara zakat, lan rukuka karo wong-wong kang padha rukuk. (2 : 44)

وَأَقِيمُوا الصَّلَاةَ وَآتُوا الزَّكَاةَ وَارْكَعُوا مَعَ الرَّاكِعِينَ ﴿٤٤﴾

البقرة : ٤٤

Mulane wenehna marang para kerabat apa kang dadi hake, lan marang wong miskin, lan marang wong kang lelungan. Mangkono iku kang becik dhewe tumrap wong kang padha golek renaning Allah, lan kang padha bakal nemu kamulyan. (30 : 39)

فَأَتْتَبْنَا ذَا الْقُرْبَىٰ حَقَّهُ وَالْمِسْكِينَ وَابْنَ السَّبِيلِ ذَلِكَ خَيْرٌ لِلَّذِينَ يُرِيدُونَ وَجْهَ اللَّهِ وَأُولَٰئِكَ هُمُ الْمُفْلِحُونَ ﴿٣٩﴾

الروم : ٣٩

Lan bandhane ana kang disedhiyakake kanggo wong kang njaluk pitulungan lan wong kang ora duwe. (51 : 20)

وَفِي أَمْوَالِهِمْ حَقٌّ لِّلسَّائِلِ وَالْمَحْرُومِ ﴿٢٠﴾

الذاريات : ٢٠

Sarta ing saperangan saka bandhane ana kang katamtokake kanggo zakat. Tumrap wong kang njaluk pitulungan

وَالَّذِينَ فِي أَمْوَالِهِمْ حَقٌّ مَّعْلُومٌ ﴿٢٥﴾



lan tumrap wong kesrakat kang ora gelem njaluk pitulungan. (70 : 25-26)

لِلسَّائِلِ وَالْمَحْرُورِ ﴿٦٦﴾

المعارج : ٢٥ - ٢٦

Sedhekah iku mung kanggo wong fakir lan wong miskin, lan kanggo kang padha ngedumake, lan kanggo wong kang atine padha nyedaki marang agama, lan kanggo nebus batur tukon, lan kanggo wong kang sugih utang, lan kanggo kang mencarake agamane Allah, lan kanggo wong kang lagi lelungan adoh. Iki pranatan saka Allah. Allah iku Maha-Ngudaneni, Maha-Wicaksana. (9 : 60)

إِنَّمَا الصَّدَقَتُ لِلْفُقَرَاءِ وَالْمَسْكِينِ وَالْعَمِلِينَ عَلَيْهَا وَالْمُؤَلَّفَةِ فُلُوبِهِمْ وَفِي الرِّقَابِ وَالْغُرَمِينَ وَفِي سَبِيلِ اللَّهِ وَابْنِ السَّبِيلِ فَرِيضَةً مِّنَ اللَّهِ وَاللَّهُ عَلَيْهِمْ حَكِيمٌ ﴿٦٥﴾

التوبة : ٦٠

E, wong-wong kang padha iman! Padha blanjakna saka apa kang Ingsun paringake marang sira sadurunge dina kang ingkono ora ana dol-tinuku teka, lan uga ora ana kekancan lan uga ora ana rerewangan, lan sapa wonge sing nge-mohi perintah iki, ya wong-wong iku kang nganiaya awake dhewe.

يَأْتِيهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا أَنفَقُوا مِمَّا رَزَقْنَاهُمْ مِّن قَبْلِ أَن يَأْتِي يَوْمٌ لَا بَيْعَ فِيهِ وَلَا خُلَّةٌ وَلَا شَفِيعَةٌ وَالْكَافِرُونَ هُمُ الظَّالِمُونَ ﴿١٥٥﴾

البقرة : ٢٥٥

(2:255)

Pepadhane wong-wong kang padha nanjakake bandhane ing dalane Allah iku kaya dene winih sawiji kang thukul dadi pitung gagang, ing saben gagang isi pari satus elas; Allah nikelake luwih saka iku tumrap sapa kang dikersakake. Allah iku jembar peparinge, Maha-Ngudaneni. Wong-wong kang padha nanjakake bandhane miturut kersane Allah, sarta ora nganggo ngetok-etokake jasane lan ora nganggo nenacat wong sing diwenehi, kanggo dheweke iku ana ganjaran in ngersane Allah, lan ora ketaman wedi lan susah.

مَثَلُ الَّذِينَ يُنْفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ فِي سَبِيلِ اللَّهِ كَمَثَلِ حَبَّةٍ أَنبَتَتْ سَبْعَ سَنَابِلٍ فِي كُلِّ سَبِيلَةٍ مِّائَةٌ حَبَّةٌ وَاللَّهُ يُضْعِفُ لِمَن يَشَاءُ وَاللَّهُ وَاسِعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٦٧﴾

الَّذِينَ يُنْفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ فِي سَبِيلِ اللَّهِ تَمَّ لَا يُتْبِعُونَ مَا أَنفَقُوا مَتًّا وَلَا أَدَى لَهُمْ أَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٢٦٦﴾

البقرة : ٢٦٢ - ٢٦٣

(2:262-263)

Lan pepadhane wong-wong kang nanjakake bandhane kanggo golek renaning Allah lan kanggo teguhing jiwane iku kaya dene sawijining tegalan ana ing papan kang dhuwur, kena udan deres, nganti metu woh-wohane tikel loro. Malah sanajan ora ana udan deres ing kono, udan riwis-riwis wae bisa nyukupi. Allah mriksani kanthi premati apa kang sira tindakake.

(2:266)

Wong-wong kang padha nanjakake bandhane ing dalane Allah ing wayah bengi utawa raina, kanthi sesideman utawa kanthi blak-blakan, padha oleh ganjarane saka Pangerane; tumrap wong-wong mau ora bakal ketaman wedi, ora bakal padha susah.

(2 : 275)

Gatekna! Sira iku wong-wong kang katimbangan supaya nanjakake bandha ing dalane Allah; nanging ing antaranira ana kang laku cethyl. Mangka sapa kang cethyl iku satemene tumindak cethyl marang awake dhewe. Lan ya Allah iku Dzat Kang Maha-Sugih, dene sira iku kang fakir. Lan manawa sira padha malengos, mesthi Panjenengane bakal ngganti sira kalawan kaum liyane, sabanjure wong-wong mau ora padha kaya sira.

(47:39)

وَمَثَلُ الَّذِينَ يُنْفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ ابْتِغَاءَ  
مَرْضَاتِ اللَّهِ وَتَثْبِيْتًا مِّنْ أَنفُسِهِمْ كَمَثَلِ  
جَنَّةٍ بَرْنُوَةٍ أَصَابَهَا وَابِلٌ فَتَأْتَتْ أَكْطُلَهَا  
ضِعْفَيْنِ فَإِن لَّمْ يُصِبْهَا وَابِلٌ فَطَلَّ ۗ وَاللَّهُ  
بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ ﴿٢٦٦﴾

البقرة : ٢٦٦

الَّذِينَ يُنْفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ بِالْإِتِّبَارِ  
سِرًّا وَعَلَانِيَةً فَلَهُمْ أَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ وَ  
لَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٢٧٥﴾

البقرة : ٢٧٥

هَٰذَا أَنْتُمْ هَٰؤُلَاءِ تُدْعَوْنَ لِتُنْفِقُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ  
فَمِنْكُمْ مَنْ يَبْخَلُ وَمَنْ يَبْخَلْ فَإِنَّمَا يَبْخَلْ  
عَنْ نَفْسِهِ ۗ وَاللَّهُ الْغَنِيُّ ۗ وَأَنْتُمْ الْفُقَرَاءُ ۗ وَإِن  
تَتَوَلَّوْا يَسْتَدِلْ قَوْمًا غَيْرَكُمْ ثُمَّ لَا يَكُونُوا  
أَمْثَلَكُمْ ﴿٣٩﴾

## 9. MINGGAH KAJI LAN KA'BAH (DALEMIPUN ALLAH).

Qur'an nerangaken, supados kaum Muslimin minggah kaji ing Mekah apesipun sepisan salaming gesang. Menika menawi kacekapan, ugi manawi merginipun aman. Inggang dipun - dhatengi menawi minggah kaji menika Ka'bah. Meturut kateranganing Qur'an, Ka'bah menika griya inggang rumiya piyambak kangge papan manambah dhateng Pangeran. Tujuanipun minggah kaji menika supados katanem ing jiwaniipun kaum Muslimin raos pasaderekan internasional. Lan sarana tata-cara inggang ing wekdal minggah kaji menika, supados tuwuh ing dalem jiwaniipun, manawi maksuding gesang menika namung bade mengabdhi dhateng Pangeran.

Tumrape wong-wong kang padha kafir, ngalang-ngalangi liyan saka dalane Allah lan kang tumuju marang Ka'bahtullah, kang wus Ingsun tetepake tumrap sok sapa wae, apa warga ing wilayah kono dhewe utawa kang padha neneka saka segara wedhi, lan sapa wae kang nedya ala arep mlencengake saka dalan bener, Ingsun bakal akon dheweke padha ngraksakake siksa kang pedhih. Lan elinga nalika Ingsun nuduhake Ibrahim papane Dalem Allah iku lan ngandika, "Aja madhakake apa wae kalawan Ingsun, lan jaganen Dalem Ingsun supaya resik kanggo kang padha thawaf, lar kanggo kang padha ngadeg utawa padha rukuk utawa padha sujud nalika shalat".

إِنَّ الَّذِينَ كَفَرُوا وَيَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ اللَّهِ  
وَالْمَسْجِدِ الْحَرَامِ الَّذِي جَعَلْنَاهُ لِلنَّاسِ سَوَاءً  
الْعَنَافِ فِيهِ وَالْبَاءِ وَمَن يَرِدْ فِيهِ بِالْحَادِ  
يُظَلَمِ تُدَقُّهُ مِنْ عَذَابِ أَلِيمٍ ﴿٦٦﴾  
وَإِذْ بَوَّأْنَا لِإِبْرَاهِيمَ مَكَانَ الْبَيْتِ أَن لَّا  
تَشْرِكْ فِي شَيْءٍ وَطَهَّرَ بَيْتِيَ لِلطَّائِفِينَ  
وَالْقَائِمِينَ وَالرُّكَّعِ السُّجُودِ ﴿٧٧﴾  
وَأَذِّنْ فِي النَّاسِ بِالْحَجِّ يَأْتُوكَ رِجَالًا وَعَلَى  
كُلِّ ضَامِرٍ يَأْتِينَ مِنْ كُلِّ فَجٍّ عَمِيقٍ ﴿٧٨﴾

Lan dhawuhna haji iku marang para manungga. Dheweke bakal nekani sira kanthi lumaku dharat, lan nunggang sadhengah onta kuru, teka saka sadhengah papan kang adoh. Supaya padha nekzenana munfangate tumrap dheweke lan padha nyebuta asmane Allah ing dina-dina kang wus katetepake; uga atase rajakaya kang wus diparingake Panjenengane tumrap dheweke. Banjur padha sira pangana sarta wenehna kanggo pangane wong-wong kang sangsara, kang fakir. Banjur padha ngresikana reregedira lan padha netepana nadzarira sarta padha thawafa ngubengi Dalem Kuna iku. (22 : 26—30)

لِيَشْهَدُوا مَنَافِعَ لَهُمْ وَيَذْكُرُوا اسْمَ اللَّهِ فِي  
 أَيَّامٍ مَّعْلُومَاتٍ عَلَىٰ مَا رَزَقَهُمْ مِّنْ بَهِيمَةِ  
 الْأَنْعَامِ فَكُلُوا مِنْهَا وَأَطِعُوا الْبَاسِ الْفَقِيرَ ﴿٢٦﴾  
 ثُمَّ لِيَقْضُوا تَفَثَهُمْ وَلِيُوفُوا نَدْوَهُمْ  
 وَلِيُطَوِّفُوا بِالْبَيْتِ الْعَتِيقِ ﴿٢٧﴾

الحج : ٢٦ - ٣٠

Ing kono ana Tandha-Tandha kang ceta; ing kono papane Ibrahim; lan sapa kang lumebu ing kono, aman. Lan munggah haji marang Dalem iku wajib tumrap manungsa, sapa kang kaonggah ngleksanani iku, karena Allah. Dene sapa kang ngemohi, elinga manawa Allah iku ora butuh marang kabeh titah. (3 : 98)

فِيهِ آيَاتٌ بَيِّنَاتٌ مِّمَّا يُرْهِيمُ ۗ وَمَنْ دَخَلَهُ كَانَ  
 آمِنًا ۗ وَلِلَّهِ عَلَى النَّاسِ حُجُّ الْبَيْتِ مَنِ اسْتَطَاعَ  
 إِلَيْهِ سَبِيلًا ۗ وَمَنْ كَفَرَ فَإِنَّ اللَّهَ غَنِيٌّ عَنِ  
 الْعَالَمِينَ ﴿٩٨﴾

آل عمران : ٩٨

Wektu-wektu kanggo hajji iku wus umum padha dimengerteni; mula sapa kang wus mantep nglakoni munggah haji ing sasi-sasi iku, den padha eling aja padha ngucap kang nggugah sahwat lan tumindak nglanggar tatanan Allah, apa maneh padudon cecongkrahane ing sajroning ibadah haji. Dene apa wae, kabecikan kang sira tindakake, Allah nguningani. Lan sedia sangu kanggo

الْحَجُّ أَشْهُرٌ مَّعْلُومَاتٌ ۗ فَمَنْ رَزَقَهُ فِيهَا  
 الْحَجَّ فَلَا رَفَثَ وَلَا فُسُوقَ وَلَا جِدَالَ فِي  
 الْحَجِّ ۗ وَمَا تَفَعَّلُوا مِنْ خَيْرٍ يَعْلَمُهُ اللَّهُ ۗ

ing dalan kalawan sangu-sangu kang  
perlu, lan sangu sing becik dhewe iku  
takwa. Lan den wedia marang Ingsun,  
e, wong-wong kang duwe pangerten.  
(2 : 198)

وَتَكَرَّوْا فَاِنَّ خَيْرَ لِّرَآدِ النَّفْوٰى  
وَأَتَّقُوْنَ يٰٓاُوْلِيَ الْاَلْبَآبِ ﴿١٩٨﴾

البقرة: ١٩٨

## 10. NYIARAKEN KABAR SUCI DHATENG UMAT MANUNGSA

Anggenipun nyiaraken pekabaran saking Allah menika sampun mesthkipun ka-ihtiyaraken supados dipun - regeni lan dipun - mangertosi maksudipun dening ingkang ka-ajak rembagan. Sampun ngantos kasupekaken tujuanipun, supados kabar saking ingkang Maha Suci wau lajeng saged dipun - cocogi lan dipun - lampahi dening ingkang dipun - ajag rerembagan. Cara makaten menika kacethakaken ing dalem pitedah ingkang kadhawuhaken dhateng Nabi Musa a.s. lan Nabi Harun a.s. kados pundi kedah caranipun nyaketi lan suka rembag dhateng raja Fir'aun.

Lan sapata sing luwih becik ing guneme kejaba wong kang nguwuh ngajak marang Allah sarta dheweke iku tumindak becik sarta ngucap, "Satemene aku iki golonganane wong-wong kang sumarah." Lan becik karo ala iku ora pada. Walesen laku ala nganggo laku kang becik dewe. Lan satemah, kang memungsuhan antarane dheweke lan sira, bakal dadi mitra kenthel. Nanging ora ana wong kang diparingi kemampuan, kajaba kang padha sabar; lan ora ana wong kang diparingi kemampuan iku kajaba kang padha gelem kurban gedhe tumrap kebecikan. (41: 34-36)

وَمَنْ أَحْسَنُ قَوْلًا مِمَّن دَعَا إِلَى اللَّهِ وَعَمِلَ  
صَالِحًا وَقَالَ إِنِّي مِنَ الْمُسْلِمِينَ ﴿٣٤﴾

وَلَا تَسْتَوِ الْحَسَنَةُ وَلَا السَّيِّئَةُ ادْفَعْ بِالَّتِي هِيَ  
أَحْسَنُ فَإِذَا الَّذِي بَيْنَكَ وَبَيْنَهُ عَدَاوَةٌ كَأَنَّهُ وَلِيٌّ  
حَمِيمٌ ﴿٣٥﴾

وَمَا يُقْلِقْهَا إِلَّا الَّذِينَ صَبَرُوا وَمَا يُقْلِقْهَا إِلَّا الَّذِينَ  
حَظَّ عَظِيمٍ ﴿٣٦﴾

حَم السجدة: ٣٤ - ٣٦

Ajaken marang dalaning Pangeranira kanthi kawicaksanan lan pitutur becik, sarta anakna tukar pikiran karo dheweke nganggo cara sing becik. Temenan, Pangeranira luwih ngudaneni sapa kang kesasar saka dalane, sarta Panjenengane uga luwih ngudaneni sapa kang wus kaparingan pituduh. Lan manawa sira ngukum wong-wong kang salah, ukumen samurwate karo anggone gawe salah marang sira; ananging manawa sira sabar, temenan, iku luwih becik kanggone kang padha gelem sabar mau. Lan, e, Nabi, sira tetepa sabar; lan sanyata sabarira iku ora liya kajaba sarana pitulungane Allah. Lan sira aja susah prekara dheweke, uga sira aja judeg amarga saka anggone padha ngrancang paeka. Temenan, Allah iku ngrewangi wong-wong kang takwa sarta tumindak becik. (16 : 126—129)

أَدْعُ إِلَى سَبِيلِ رَبِّكَ بِالْحُكْمَةِ وَالْمَوْعِظَةِ الْحَسَنَةِ  
وَجِدْ لَهُم بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ إِنَّ رَبَّكَ هُوَ أَعْلَمُ  
بِمَن ضَلَّ عَنْ سَبِيلِهِ ۗ وَهُوَ أَعْلَمُ بِالْمُهْتَدِينَ ﴿١٢٦﴾

وَأِنْ عَاقَبْتُمْ فَعَاقِبُوا بِمِثْلِ مَا عُوقِبْتُمْ بِهِ ۗ  
وَلَيْنَ صَبْرْتُمْ لَهُمْ حَزِينٌ لِّلصَّابِرِينَ ﴿١٢٧﴾

وَأَصْبِرْ وَمَا صَبْرُكَ إِلَّا بِاللَّهِ ۗ وَلَا تَحْزَنْ عَلَيْهِمْ  
وَلَا تَكُ فِي ضَيْقٍ مِّمَّا يَمْكُرُونَ ﴿١٢٨﴾

إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا وَالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ ﴿١٢٩﴾

النحل ١٢٦ - ١٢٩

Lan manawa ana sawijining wong musyrik njaluk pangayoman marang sira iku sira ayomana supaya dheweke krungu sabdaning Allah; tumuli dheweke eterna marang papan kang aman. Mangkono iku amarga dheweke iku kaum kang ora duwe pangerten. (9:6)

وَأَنَّ أَحَدًا مِّنَ الْمُشْرِكِينَ اسْتَجَارَكَ فَأَجْرُهُ حَتَّى  
يَسْمَعَ كَلِمَةَ اللَّهِ ثُمَّ أَبْلَغَهُ مَأْمَنَهُ ذَلِكَ بِأَنَّهُمْ قَوْمٌ لَا  
يَعْلَمُونَ ﴿١٦١﴾

التوبة: ٦

Lan wong-wong kang padha emoh lan ora nyembah brahala sarta madhep marang Allah, dheweke padha oleh pawarta-pawarta bebungah. Mulane aweha pawarta-pawarta bebungah marang kawula'ningsun. Kang padha ngrungok-

وَالَّذِينَ اجْتَنَبُوا الطَّاغُوتَ أَنْ يَعْبُدُوهَا وَأَنَابُوا إِلَى اللَّهِ لَهُمُ  
الْبَشْرَىٰ فَبَشِّرْ عِبَادِ ﴿١٧٨﴾

ake marang Sabda lan banjur nurut  
kanthi becik; yaiku wong kang padha  
tinuntun dening Allah, sarta dheweke  
iki kang padha duwe pangerten.

(39:18–19)

الَّذِينَ يَسْتَمِعُونَ الْقَوْلَ فَيَتَّبِعُونَ أَحْسَنَهُ أُولَئِكَ  
الَّذِينَ هَدَاهُمْ اللَّهُ وَأُولَئِكَ هُمُ الْأَوْلِيَاءُ ﴿١٩﴾

الزمر: ١٨ - ١٩



## 11. TATA-GESANG, TATA-CARA, TATA-KRAMA.

Qur'an mulang, supados manungsa narimah menapa kemawon kawon-tanipun ing dalem gesangipun, mbonten ngemohi. Gesang pisah-pisahan jaler utawi estri dipun awisi dening Islam. Gesang tumidak leres, lan migunakaken tenaganipun tinata sak - sampunipun pinikir lan kaukur miturut ancer-anceripun Pangeran, gesang mekaten menika ingkang dipun angge pathokan. Tumuju dateng gesang cara mekaten menika Qur'an suka pitedah lan tatanan kangge ambangun tata-susila nuju dha-teng kasampurnan jasmaniah lan rohkaniah. Pancen sedyanipun bade mulyakaken lan nglarasaken tata-susila kaliyan lampahing rokh saged dados sampurna.

Satemene kabeh para mukmin iku sadulur. Den padha rukun ing antarane sadulur dhewe, lan wedia marang Allah, supaya sira padha antuk rahmat.

E, para mukmin, aja ana sagolongan ngina golongan liyane, mbok manawa dheweke iku luwih becik tinimbang sira dhewe; para wanita aja ngremehake wanita liyane, mbok manawa dheweke luwih becik katimbang sira dhewe. Lan aja sira ngala-ala kancamu dhewe uga aja poyok-poyokan. Nyata ora becik poyokan ala, sawise padha iman; dene wong-wong kang ora tobat iku, wong kang tumbindak salah.

E, para mukmin! Siriken laku dhemen nyana; amarga saweneh panyana iku ana kang dosa. Aja sira nelik, aja sira

إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ إِخْوَةٌ فَأَصْلِحُوا بَيْنَ أَخَوَيْكُمْ وَاتَّقُوا  
اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿١١﴾

يَأْتِيهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا لَا يَسْخَرُونَ مِنْ قَوْمٍ عَسَىٰ أَنْ  
يَكُونُوا خَيْرًا مِنْهُمْ وَلَا نِسَاءٌ مِنْ نِسَاءِ عَسَىٰ أَنْ يَكُنَّ خَيْرًا  
مِّنْهُنَّ وَلَا تَلْمِزُوا أَنفُسَكُمْ وَلَا تَنَابَرُوا بِالْأَلْقَابِ  
يَسْأَلُ الْإِسْمُ الْفُسُوقُ بَعْدَ الْإِيمَانِ وَمَنْ لَّمْ يَتُبْ  
فَأُولَٰئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ﴿١٢﴾

يَأْتِيهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اجْتَنِبُوا كَثِيرًا مِّنَ الظَّنِّ إِنَّ بَعْضَ

nyatur ala ing liyan. Apa sira doyan mangan daginge sedulure dhewe kang mati? Mesti sira muntah-muntah. Lan den wedi marang Allah! Satuhu, Allah iku tansah nampa tobat lan Maha-Asih. (49:11-13)

Manembaha Allah. Lan aja sira saku-tokake marang apa bae. Den becik marang wong tuwamu loro, marang sadulur, bocah yatim, wong miskin, tangga cedhak lan tangga adoh, kanca rapet, wong lelungan, lan marang rewangmu. Temenan Allah ora rena marang wong umuk lan gedhe omonge. Yaiku wong kang kumet (kikir) lan ngajak liyan uga kumet. Sarta ndelikake ganjaran parine Allah marang dheweke. Ingsun wus nyadhiyani kanggo wong kafir azab kang ngasorake. (Mangkoṅo uga Allah ora rena) Wong kang nanjakake bandhane supaya dialem liyan, lan ora iman marang Allah lan dina akhir. Dene sapa kang ngalap setan dadi mitra, lah iku temen mitra kang banget alane. (4: 37-39)

Satemene, Allah ndhawuhi tumindak adil lan gawe becik marang liyan sarta loma marang liyan, kaya marang kerabate; lan elik-elik tumindak saru, tumindak ala sarta ambalela. Panjenengan paring pitutur marang sira, supaya sira padha eling. Lan netepana janjiimu marang Allah manawa sira wus prajANJI; lan aja nerak sumpah sawise

الظَّنِّ إِثْمًا وَلَا تَجَسَّسُوا وَلَا يَغْتَبَ بَعْضُكُم بَعْضًا  
يُحِبُّ أَحَدُكُمْ أَنْ يَأْكُلَ لَحْمَ أَخِيهِ مَيْتًا  
فَكَرِهْتُمُوهُ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ تَوَّابٌ رَحِيمٌ ﴿١٣﴾  
الحجرات: ١١ - ١٣

وَأَعْبُدُوا اللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا  
وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَبِذِي الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَامَىٰ  
وَالْمَسْكِينِ وَالْجَارِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَالْجَارِ  
الْجُنْبِ وَالصَّاحِبِ بِالْجَنبِ وَابْنِ  
السَّبِيلِ وَمَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ إِنَّ اللَّهَ لَا  
يُحِبُّ مَنْ كَانَ مُخْتَالًا فَخُورًا ﴿٣٧﴾  
الَّذِينَ يَبْخُلُونَ وَيَأْمُرُونَ النَّاسَ  
بِالْبَخْلِ وَيَكْتُمُونَ مَاءَ أَنفُسِهِمْ اللَّهُ  
مِنْ فَضْلِهِ وَأَعْتَدْنَا لِلْكَافِرِينَ عَذَابًا  
مُهِنًا ﴿٣٨﴾  
وَالَّذِينَ يُنْفِقُونَ أَمْوَالَهُمْ رِيقًا لِلنَّاسِ وَلَا  
يُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَلَا بِالْيَوْمِ الْآخِرِ وَمَنْ يَكُنِ  
الشَّيْطَانُ لَهُ قَرِينًا فَسَاءَ قَرِينًا ﴿٣٩﴾  
النساء: ٣٧ - ٣٩

إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَايَ ذِي  
الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَىٰ عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ  
وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ ﴿١١﴾  
وَأَوْفُوا بِعَهْدِ اللَّهِ إِذَا عَاهَدْتُمْ وَلَا تَنْقُضُوا

dikukuhake, kang mangka sira wus nyebut Asmane Allah minangka tanggunganira. Temenan, Allah priksa apa kang sira tindakake. Lan aja sira kaya wong wadon, kang sawise nenun ken-ceng, banjur medhot-medhot benange padha bodhol. Sira gawe sumpahira kanggo apus krana marang sapepadhanira jalaran kuwatir yen ana golongan kang pinunjul ngluwihi liyane. Sate-mene Allah nyoba sira sarana iku, dene ing dina Kiamat Panjenengane bakal nggambangake marang sira kabeh prakara kang sira padha pasulayan iku. (16:91-93)

الَّذِينَ بَعَدَ تَوَكُّيدَهَا وَقَدْ جَعَلْنَاهُ اللَّهُ عَلَيْكُمْ كَيْلًا إِنْ اللَّهُ يَعْلَمُ مَا تَفْعَلُونَ ﴿٩٢﴾

وَلَا تَكُونُوا كَالَّذِي نَفَضَتْ غَزْلَهَا مِنْ بَعْدِ قُوَّةٍ أَنْكَا تَتَّخِذُونَ آمِنْتُمْ دَخَلًا بَيْنَكُمْ أَنْ تَكُونَ أُمَّةٌ هِيَ أَرْبَىٰ مِنْ أُمَّةٍ إِنَّمَا يَبْلُوكُمُ اللَّهُ بِهِ ۗ وَلِيُبَيِّنَ لَكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ مَا كُنتُمْ فِيهِ تَخْتَلِفُونَ ﴿٩٣﴾

النحل: ٩١ - ٩٣

E, para mukmin. Den padha santosa njejegake adil, lan dadia seksi kagem Allah, sanajan iku tumrap awakira dhewe utawa bapa-biyungira, apa sadulurira. Ora nyawang apa dheweke sugih utawa mlarat, Allah nggatosake dheweke sakarone tinimbang sira. Mula aja sira nuruti pepingingan asor, supaya sira bisa tumindak adil. Dene manawa sira nutup-nutupi bebener utawa mlen-cengake iku, den eling, manawa Allah tansah waspada apa kang sira tindak-ake. (4:136)

يَتَّيْمُهُمُ الَّذِينَ ءَامَنُوا كُونُوا قَوَّامِينَ بِالْقِسْطِ شُهَدَاءَ لِلَّهِ وَلَوْ عَلَىٰ أَنْفُسِكُمْ أَوِ الْوَالِدِينَ وَالْأَقْرَبِينَ إِنْ يَكُنْ غَنِيًّا أَوْ فَقِيرًا فَاللَّهُ أَوْلَىٰ بِهِمَا فَلَا تَتَّبِعُوا الْهَوَىٰ أَنْ تَعْدِلُوا وَإِنْ تَلَوُّهُ أَوْ نِعِرْتُمُوهُ فَإِنَّ اللَّهَ كَانَ يَمَانَعُ لَكُمْ خَيْرًا ﴿١٣٦﴾

النساء: ١٣٦

Allah ora remen marang pangucap serik ing ngarepe wong akeh, kajaba kanggone wong kang katindhes. Allah ora ngersakake ucapan ala kang dilahirake blak-blakan, kajaba yen kang nglahirake mau pancen wong ora pantas. Lan satemene Allah iku Maha

لَا يُحِبُّ اللَّهُ الْجَهْرَ بِالسُّوءِ مِنَ الْقَوْلِ إِلَّا مَنْ ظَلَمَ وَكَانَ اللَّهُ سَمِيعًا عَلِيمًا ﴿١٤٧﴾

Midangetake, Maha-Priksa. Apa sira mblakakake sawijining tumindak becik utawa ngendhem iku; utawa sira ngapura kesalahaning liyan, Allah iku temen Maha Paring Pangapura, lan Maha-Prakosa.

(4: 149—150)

E, para wong mukmin, den santosa karena Allah, dadia seksi kang adil; lan aja nganti, amarga ana rasa memungsuhan sira banjur tumindak ora adil. Tansah tumindaka adil, mangkono iku luwih caket marang taqwa. Wedia marang Allah. Temen, Allah iku tansah Priksa apa kang sira tindakake. Allah wus paring janji marang wong kang padha iman sarta agawe becik, dheweke bakal padha antuk pangapura lan ganjaran gedhe. Dene kanggo wong kang padha ora iman sarta padha maido Tandha-Tandha ningsun, dheweke iku wong-wong isining Neraka. (5:9—11)

Aja padha amateni anak-anakira jalaran wedi mlarat. Iya Ingsun Kang nyediyani rejeki kanggo dheweke sarta kanggo sira. Temenan, mateni anak-anak iku sawijining dosa kang gedhe banget. Lan aja nyedhaki laku zinah; temenan, iku saru lan dalan kang ala. Lan aja padha mateni jiwa kang Allah larang, kajaba yen pancen ana sabab kang bener. Lan sapa kang dipateni kalawan aniaya, Ingsun wus paring ahli warise wewenang nuntut males, nanging aja dheweke nglangkahi watesing bebener anggone males pati;

إِنْ يُبَدُوا خَيْرًا أَوْ تُخَفَّوْهُ أَوْ تَعْفُوا عَنْ سُوءِ فَعَلَانِ  
 اللَّهُ كَانَ عَفْوًا قَدِيرًا ﴿١٥٠﴾  
 النساء: ١٤٩ - ١٥٠

يَأَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُونُوا قَوَّامِينَ لِلَّهِ شُهَدَاءَ  
 بِالْقِسْطِ وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ شَنَاَنُ قَوْمٍ عَلَى  
 أَلَّا تَعْدِلُوا أَعْدِلُوا هُوَ أَقْرَبُ لِلتَّقْوَىٰ وَاتَّقُوا  
 اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ ﴿١٤٩﴾

وَعَدَ اللَّهُ الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ  
 لَهُمْ مَغْفِرَةٌ وَأَجْرٌ عَظِيمٌ ﴿١٥٠﴾  
 وَالَّذِينَ كَفَرُوا وَكَذَّبُوا بِآيَاتِنَا أُولَٰئِكَ  
 أَصْحَابُ الْجَحِيمِ ﴿١٥١﴾

المائدة: ٩ - ١١

وَلَا تَقْتُلُوا أَوْلَادَكُمْ خَشْيَةَ إِمْلَاقٍ نَحْنُ نَرْزُقُهُمْ وَإِنَّا كَرِيمُونَ  
 إِنَّ قَوْلَهُمْ كَانَ خِطْئًا كَبِيرًا ﴿٣٦﴾

وَلَا تَقْرَبُوا الرِّزْقَ إِنَّمَا كَانَ فِتْنَةً وَسَاءَ  
 سَبِيلًا ﴿٣٧﴾

وَلَا تَقْتُلُوا النَّفْسَ الَّتِي حَرَّمَ اللَّهُ إِلَّا بِالْحَقِّ وَمَنْ قُتِلَ  
 مَظْلُومًا فَقَدْ جَعَلْنَا لَوْلِيهِ سُلْطَانًا فَلَا يَسْرِفُ  
 فِي الْقَتْلِ إِنَّهُ كَانَ مَنْصُورًا ﴿٣٨﴾

jalaran ing kono iku dheweke diayomi dening sarengat. Lan aja sira nyedhaki bandhane bocah yatim, kajaba murih becike, nganti dheweke ngancik dewasa, lan netepana janji, awit janji iku bakal ditagih. Lan cukupana takerane manawa sira anaker, lan nimbanga kalawan bobot kang bener; cara mangkono iku kang luwih becike sarta kang luwih utama pungkasane. Lan aja sira manut marang prakara kang sira durung sumurup ngilmune, Satemene pangrunu lan paningal sarta ati iku kabeh bakal ditakoni prakarane. Lan aja sira lumaku ing bumi kalawan kumalungkung, amarga yen mengkono sira iku ora bakal bisa ambelah bumi, lan sira ora bakal bisa munggah puncak gunung-gunung. Laku ala-ala kabeh mau ora diremeni ing pamriksaning Pangeranira. (17: 32—39)

وَلَا تَقْرَبُوا مَالَ الْيَتِيمِ إِلَّا بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ حَتَّىٰ يَبْلُغَ  
أَشُدَّهُمْ وَأَوْفُوا بِالْعَهْدِ إِنَّ الْعَهْدَ كَانَ مَسْئُولًا ﴿٣٥﴾

وَأَوْفُوا الْكَيْلَ إِذَا كَلَّمْتُمْ وَرَبُّوهُ بِالْقِسْطِ اسْمُ الْمُسْتَقِيمِ  
ذَلِكَ خَيْرٌ وَأَحْسَنُ تَأْوِيلًا ﴿٣٦﴾

وَلَا تَقْفُ مَا لَيْسَ لَكَ بِهِ عِلْمٌ ۚ إِنَّ السَّمْعَ وَالْبَصَرَ  
وَالْفُؤَادَ كُلُّ أُولَٰئِكَ كَانَ عَنْهُ مَسْئُولًا ﴿٣٧﴾

وَلَا تَمْشِ فِي الْأَرْضِ مَرَحًا إِنَّكَ لَن تَخْرِقَ الْأَرْضَ  
وَلَن تَبْلُغَ الْجِبَالَ طُولًا ﴿٣٨﴾

كُلُّ ذَلِكَ كَانَ سَيِّئُهُ عِنْدَ رَبِّكَ مَكْرُوهًا ﴿٣٩﴾

بنی اسرائیل: ۳۲ - ۳۹

## 12. DASAR LAMPAHING EKONOMI.

Wulangan dasar lampahing ekonomi ingkang katerangaken dening Islam menika kapitadosan, menawi sadaya wujud menika kagunganipun Pange-  
ran Pribadi. Andarbeni barang, menika tegesipun nggadahi hak nguwaosi,  
migunakaken lan mindah barang wau. Ingkang makaten menika dipun -  
akeni lan dipun -lestantunaken dening Islam, nanging kawewahan, yen  
sadaya tiyang ingkang ndarbeni menika nggadahi kuwajiban kasusilan  
adedasar pangertosan, yen masarakat nggadahi hak dipun - bagei bandha.  
Pambagianing bandha ingkang kados makaten menika sampun dipun -  
sahaken lan dipun - tindakaken adhapur peraturan sah lan kakiyataken  
dening hukum pidana. Nanging limrahipun namung dipun - anjuraken  
supados mana - suka, medal saking niyatipun piyambak, thukul saking  
manah kepengin nggayuh kaluhuran, rokhaniah lan kasusilan.

Lan nalika Ingsun ngandika marang para Malaikat: "Padha sujuda marang Adam," Banjur padha sujud, ananging Iblis ora. Dheweke emoh. Tumuli Ingsun ngandika, "E, Adam, iki mungsuh tumrap sira lan tumrap sisihanira, mula-  
ne aja nganti dheweke nggeret sira sak kloron metu saka taman mundhak sira nandang kasusahan. Satemene disediani tumrap sira supaya sira ora kluwen ing kono, lan sira ora bakal kawudan. Lan sira ora bakal ngelak ing kono, lan sira ora bakal kepanasen." (20:117—120)

وَإِذْ قُلْنَا لِلْمَلَائِكَةِ اسْجُدُوا لِآدَمَ فَسَجَدُوا  
إِلَّا إِبْلِيسَ أَبَى ﴿١١٧﴾

فَقُلْنَا يَا آدَمُ إِنَّ هَذَا عَدُوٌّ لَكَ وَلِرَوْجِكَ فَلَا تَخْرُجَنَّ  
مِنَ الْجَنَّةِ فَتَشْقَى ﴿١١٨﴾

إِنَّ لَكَ أَلًا يَجُوعُ فِيهَا وَلَا تَعْرِى ﴿١١٩﴾  
وَأَنَّكَ لَا تَظْمَأُ فِيهَا وَلَا تَصْحَى ﴿١٢٠﴾

طه ١١٧ - ١٢٠

Lan sira aja padha mangan bandhanira ing antarane kowe kabeh kanthi nga-

وَلَا تَأْكُلُوا أَمْوَالِكُمْ بَيْنَكُمْ بِالْبَاطِلِ وَتُدْلُوا

pusi, Lan aja kok tawakake iku minangka besel marang panguwasa negara mung supaya sira bisa melu mangan separanganing bandhaning liyan kanthi ora adil, kang mangka sira sajatine ngeriti. (2 : 189)

E sira wong iman, aja sira mangan bandhamu kanthi cara kang batil ing antarane sapanjanira, kajaba sarana dol-tinuku kang padha lilane ing antaranira. Lan aja sira mateni awake dhewe; mangka Allah banget asih marang sira iku. (4:30)

بِهَاءِ إِلَى الْحُكَّامِ لِتَأْكُلُوا فَرِيقًا مِّنْ  
 ١٨٩  
 آمَوَالِ النَّاسِ بِالْإِثْمِ وَأَنْتُمْ تَعْلَمُونَ

البقرة: ١٨٩

يَتَأَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا لَا تَأْكُلُوا  
 ٣٠  
 آمَوَالَكُمْ بَيْنَكُمْ بِالْبَاطِلِ إِلَّا أَنْ تَكُونَ  
 تِجَارَةً عَنْ تَرَاضٍ مِّنْكُمْ وَلَا تَقْتُلُوا أَنْفُسَكُمْ  
 إِنَّ اللَّهَ كَانَ بِكُمْ رَحِيمًا

النساء: ٣٠

### 13. JIHAD, PAMBUDIDAYA ING MARGANING ALLAH.

Jihad, tegesipun sarana nyengka migunakaken tenaga nuju tujuan ingkang mboten limrah. Dene warnipun tiga, inggih menika : mengsah (1) sesaming tiyang, (2) setan lan (3) nafsunipun piyambak. Qur'an mulang menawi kadadosan perang, kedah kamanah caranipun, ingkang murugaken langkung sakedik neda pangurbanan jiwa lan banda, lan memengsahanipun sak saged-saged enggal rampung.

Idin perang diparingake marang dhe-weke kang padha dipurangi, jalaran phada dianiyaya, lan Allah kagungan Kawasa mitulungi wong-wong iku mau. Wong-wong kang padha ditundhung saka omahe kanthi cara ora nalar, amarga mung jalaran anggone padha ngucap, "Pangeran-ku iku Allah" — Lan manawa Allah ora nolak sawijining golongan kalawan golongan liyane, wis mesti karuntuhake wihara-wihara lan gereja-gereja lan sinagog-sinagog sarta masjid-masjid, kang ing kono Asmaning Allah tansah sinebut-sebut. Temenan Allah bakal mitulungi sapa wae kang mitulungi Panjenengane. Temen Allah iku Maha-Kuwasa, Maha-Prakosa.

(22:40—41)

Allah ora nglarang sira gawe becik lan tumindak adil marang wong-wong kang orang amerangi sira jalaran agama-nira,

أُذِنَ لِلَّذِينَ يُقْتَلُونَ بِأَنَّهُمْ ظَلَمُوا وَإِنَّ اللَّهَ عَلِيمٌ  
بِغَيْرِهِمْ لَقَدِيرٌ ﴿٤٠﴾

الَّذِينَ أُخْرِجُوا مِنْ دِينِهِمْ بِغَيْرِ حَقٍّ إِلَّا أَنْ يَقُولُوا  
رَبَّنَا اللَّهُ وَلَوْلَا دَفْعُ اللَّهِ النَّاسَ بَعْضَهُمْ بِبَعْضٍ لَفُتِنَتْ  
صَوَامِعُ وَبِيَعٌ وَصَلَوَاتٌ وَمَسَاجِدُ يُذَكَّرُ فِيهَا  
أَسْمُ اللَّهِ كَثِيرًا وَلَيَنْصُرَنَّ اللَّهُ مَنْ يَنْصُرُهُ  
إِنَّ اللَّهَ لَقَوِيٌّ عَزِيزٌ ﴿٤١﴾

الحجج : ٤٠ - ٤١

لَا يَنْهَى كُمْ اللَّهُ عَنِ الَّذِينَ لَمْ يُقْتَلُوا فِي الدِّينِ وَلَمْ  
يُخْرِجُوا مِنْ دِينِكُمْ أَنْ تَبَرُّوهُمْ وَتُقْسِطُوا إِلَيْهِمْ إِنَّ اللَّهَ  
يُحِبُّ الْمُقْسِطِينَ ﴿١﴾



lan kang ora padha nundhung sira saka papanira, dene sira agawe becik lan tumindaka jejeg marang dheweke. Temenan Allah iku tresna marang wong kang tumindak jejeg. Allah mung nglarang sira ngenani wong-wong kang amerangi sira karena agama nira utawa nulungi liyan anggone nundhung sira. Lan sapa wae kang memitran karo wong-wong iku, nyata dheweke iku padha tumindak tanpa welas.

(60:9-10)

إِنَّمَا يَنْهَكُمُ اللَّهُ عَنِ الَّذِينَ قَاتَلُوكُمْ فِي الدِّينِ وَأَخْرَجُوكُم مِّن دِيَارِكُمْ وَظَاهَرُوا بِعَدَاوَتِكُمْ أَن تَتَّقُوا اللَّهَ وَمَن يُؤْمَرْ فَآوَلَيْكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ﴿١٠﴾

المتحنة: ٩ - ١٠

O, wong-wong kang padha iman! Apa gelem sira Ingsun tuduhake sawijining dol-tinuku kang bakal nylametake sira saka siksa kang pedhik? Yaiku sira padha percayao marang Allah lan Utusane, lan padha lelabuha karena Allah sarana bandha lan jiwa nira. Mangkono iku luwih becik tumrap sira, manawa sira pancen mangerti.

(61:11-12)

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا هَلْ أَدُلُّكُمْ عَلَى تَحَصُّرٍ تُنجِيكُمْ مِنْ عَذَابِ آلِمِ ﴿١١﴾

تُؤْمِنُونَ بِاللَّهِ وَرَسُولِهِ وَتُجَاهِدُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ بِأَمْوَالِكُمْ وَأَنفُسِكُمْ ذَلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ إِن كُنتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿١٢﴾

الصف: ١١ - ١٢

Sapa kang iman lan pindah saka papane karena Pangeran lan lelabuh ing prekaraning Allah sarana bandha lan jiwa ragane, iku padha anduweni drajad kang dhuwur banget ing ngarsane Allah. Lan iku kang bakal padha kaparingan kanugrahan.

(9:20)

الَّذِينَ آمَنُوا وَهَاجَرُوا وَجَاهَدُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ بِأَمْوَالِهِمْ وَأَنفُسِهِمْ أَكْبَرُ دَرَجَةً عِنْدَ اللَّهِ وَأُولَئِكَ هُمُ الْفَائِزُونَ ﴿٢٠﴾

التوبة: ٢٠

Temenan, Allah wus nuku saka para mukmin jiwa ragane lan bandhane kanggo ijole Swarga kang bakal padha didarbeki; dheweke padha perang ing dalane Allah, lan dheweke padha mateni utawa dipateni — iku

إِنَّ اللَّهَ اشْتَرَى مِنَ الْمُؤْمِنِينَ أَنفُسَهُمْ وَأَمْوَالَهُمْ بِآبِ لَهُمُ الْجَنَّةِ يُقَاتِلُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ فَيَقْتُلُونَ وَيُقْتَلُونَ وَعَدًّا عَلَيْهِ حَقًّا

janji kang wus kawecakake Panjenengane ana ing Kitab Taurat, lan Injil sarta Qur'an. Lan sapa ta kang luwih netepi janjine kajaba Allah? Mulane den padha sukaa, anggonnira dol-tinuku kang wus sira tindakake kalawan Panjenengane; lan iku kamenangan kang luhur. (9:111)

فِي التَّورَةِ وَالْإِنجِيلِ وَالْقُرْآنِ وَمَنْ أَوْفَىٰ  
بِعَهْدِهِ مِنْ اللَّهِ فَاسْتَبَشِرُوا بِنِعْمَةِ اللَّهِ  
الَّتِي بَايَعْتُمْ بِهَا ۗ وَذَٰلِكَ هُوَ الْفَوْزُ الْعَظِيمُ ﴿١١١﴾

التوبة: ١١١

Lan kanggo sapa wae kang gelem lelabuh supaya bisa ketemu karo Ingsun. Temen, Ingsun bakal nuntun dheweke mau ana ing dalam Ingsun. Lan temenan, Allah nyartani sapa wae kang agawe becik. (29:70)

وَالَّذِينَ جَاهَدُوا فِينَا لَنَهْدِيَنَّهُمْ سُبُلَنَا وَإِنَّ اللَّهَ لَمَعَ  
الْمُحْسِنِينَ ﴿٧٠﴾ العنكبوت: ٧٠

Para mukmin kang thenguk-thenguk ing omahe, kajaba kang duwe alangan, karo kang padha lelabuh ing marganing Allah karena bandha lan jiwa-ragane, iku ora padha. Allah wus njunjung drajade wong-wong kang padha lelabuh sarana bandha lan jiwa-ragane ing sandhuwure wong-wong kang padha thenguk-thenguk lan marang kabeh wae Allah njanjekake kabecikan. Lan Allah ngluwihake para kang padha lelabuh sandhuwure kang pahha thenguk-thenguk, kalawan ganjaran kang gedhe. (4:96)

لَا يَسْتَوِي الْقَاعِدُونَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ غَيْرُ أُولِي الضَّرَرِ  
وَالْمُجَاهِدُونَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ بِأَمْوَالِهِمْ وَأَنْفُسِهِمْ فَضَّلَ  
اللَّهُ الْمُجَاهِدِينَ بِأَمْوَالِهِمْ وَأَنْفُسِهِمْ عَلَى الْقَاعِدِينَ  
دَرَجَةً ۗ وَلَا وَعَدَ اللَّهُ الْخَائِسِينَ ۗ وَفَضَّلَ اللَّهُ الْمُجَاهِدِينَ  
عَلَى الْقَاعِدِينَ أَجْرًا عَظِيمًا ﴿٩٦﴾

النساء: ٩٦

#### 14. AOS (REGEN) LAN WATAKIPUN PARA INKGANG PITADOS.

Qur'an nggancaraken perlunipun kapitadosan dhateng Pangeran lan nganjuraken, supados tiyang manahipun adreng nedya mbuktekaken, menawi Panjenenganipun menika nyata wonten. Kayakinaken, menawi Pangeran menika tansah nurunaken Dhawuhipun lantaran wahyu. Menawi Pangeran kendel saking anggenipun ngersakaken nglahiraken Sifatipun lantaran para utusanipun lan pandarekipun, temtu manteping kapitadosan dateng Pangeran badhe sirna. Mila saking menika kedah tansah kabukten, supados sak-laminipun manungsa wonten, kedah tansah wonten ugi tumuruning wahyu dhateng sawatawis saking piyambakipun.

Aku maca kalawan asmane Allah, Kang Maha-Mirah, Kang Maha-Asih. Temen, beja para kang padha iman. Kang padha qusuk shalate, Lan kang padha nyingkiri kabeh kang tanpa guna. Lan kang padha tetep lan ajeg anggone padha mbayar zakat. Lan kang padha ngreksa kasuciane nafsu sahwate. Kajaba tumrap marang bojone dhewe utawa kang kadarbe ing tangan tengene, mangkono iku dheweke ora kena kaluputan. Ananing sapa kang golek saliyanane iku, lah iku wong kang nglangkahi wates. Dene kang padha waspada apa kang dipasrahake dheweke lan marang wasiat-wasiate. Sarta kang temen-temen anggone nindake shalate. Iki wong-wong kang bakal dadi warise.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ  
 قَدْ أَفْلَحَ الْمُؤْمِنُونَ ﴿٢﴾  
 الَّذِينَ هُمْ فِي صَلَاتِهِمْ خَاشِعُونَ ﴿٣﴾  
 وَالَّذِينَ هُمْ عَنِ اللَّغْوِ مُعْرِضُونَ ﴿٤﴾  
 وَالَّذِينَ هُمْ لِلزَّكَاةِ فَاعِلُونَ ﴿٥﴾  
 وَالَّذِينَ هُمْ لِفُرُوجِهِمْ حَافِظُونَ ﴿٦﴾  
 إِلَّا عَلَىٰ أَزْوَاجِهِمْ أَوْ مَا مَلَكَتْ أَيْمَانُهُمْ فَإِنَّهُمْ غَيْرُ مَلُومِينَ ﴿٧﴾  
 فَمَنْ ابْتَغَىٰ وَرَاءَ ذَلِكَ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْعَادُونَ ﴿٨﴾  
 وَالَّذِينَ هُمْ لِأَمْتِنَتِهِمْ وَعَهْدِهِمْ رَاعُونَ ﴿٩﴾  
 وَالَّذِينَ هُمْ عَلَىٰ صَلَاتِهِمْ يُحَافِظُونَ ﴿١٠﴾  
 أُولَٰئِكَ هُمُ الْوَارِثُونَ ﴿١١﴾

Kang bakal marisi Suwarga. Dheweke padaha bakal manggon ing kono salawase. (23:1-12)

الَّذِينَ يَرْتُونَ الْفِرْدَوْسَ هُمْ فِيهَا خَالِدُونَ ﴿١٢﴾

المؤمنون: ١ - ١٢

Lan abdi-abdine sejati Pangeran Kang Maha-Murah, yaitu wong-wong kang yen lumake ing bumi tingkahe andapasor, lan yen wong-wong kang anggak nguwuh dhewekne, padha nyingkiri padudon sarana ngucap: "Samia wilujeng lan bagia." Lan wong-wong sing migunakake wengi kanggo sujud lan ngadeg ing ngarsane Pangerane. Lan wong-wong sing kanda: "Dhuh Pangeran kita! Tinebihna saking kita paukuman neraka jahanam, jalaran paukumanipun sanget kasangsan." Sejatine neraka iku papan palerenan kang ora kapenak lan panggonan kang agawe sengsara. Lan wong-wong kang anggone mblanjakake bandhane ora boros, nanging uga ora cetil. Migunakake kawicaksanan, yaitu antarane loro mau. (25:64-68)

وَعِبَادُ الرَّحْمَنِ الَّذِينَ يَمْشُونَ عَلَى الْأَرْضِ هَوْنًا وَإِذَا خَاطَبَهُمُ الْجَاهِلُونَ قَالُوا سَلَامًا ﴿٦٥﴾

وَالَّذِينَ يَبِيتُونَ لِرَبِّهِمْ سُجَّدًا وَقِيَامًا ﴿٦٥﴾  
وَالَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَا اصْرِفْ عَنَّا عَذَابَ جَهَنَّمَ إِنَّ عَذَابَهَا كَانَ غَرَامًا ﴿٦٦﴾

إِنَّهَا سَاءَتْ مُسْتَقَرًّا وَمُقَامًا ﴿٦٧﴾  
وَالَّذِينَ إِذَا أَنْفَقُوا لَمْ يُسْرِفُوا وَلَمْ يَقْتُرُوا وَكَانَ بَيْنَ ذَلِكَ قَوَامًا ﴿٦٨﴾

Lan para kang ora padha nyebut Pangeran liyane Allah, sarta padha ora mateni jiwa kang Allah wus nglarang kajaba karena bebener kajaba karena ana alesane sing maton, lan ora nglakoni zina; dene sapa kang nglakoni iku bakal oleh paukuman lantaran dosane. Bakal ditikelake tumrap dheweke paukuman ing dina Kiamat, lan dheweke bakal mapan ing kono kanthi rekasa. Kajaba para kang padha mertopat, lan iman

وَالَّذِينَ لَا يَدْعُونَ مَعَ اللَّهِ إِلَهًا آخَرَ وَلَا يَقْتُلُونَ  
الْنَفْسَ الَّتِي حَرَّمَ اللَّهُ إِلَّا بِالْحَقِّ وَلَا يَزْنُونَ  
وَمَنْ يَفْعَلْ ذَلِكَ يَلْقَ أَثَامًا ﴿٦٩﴾  
يَضَعُ لَهُ الْعَذَابَ يَوْمَ الْقِيَامَةِ وَيَحْلُدُ فِيهِ  
مُهَانًا ﴿٧٥﴾

sarta gawe kabecikan; ya tumrap wong-wong iku, Allah bakal nggawe tumindake kang ala dadi tumindak kang becik; lan Allah iku Maha-Angapura, Maha-Asih; Lan sapa wae mertobat sarta nindakake kabecikan, temenan dheweke bali marang Allah kanthi tobat kang sejati. Lan wong-wong kang ora menehi saksi palsu, lan nalika dheweke nemoni prakara kang muspra, gelem nyingkiri sarana kawicaksanan. Lan wong-wong kang manawa dielingake ing bab Tandha-Tandhaning Pangerane, ora banjur tiba budheg lan wuta; Lan wong-wong kang padha matur: "Dhuh Gusti, mugi-mugi semah-semah lan anak-anak kita dados tetiyang ingkang damel reseping paningal kita, lan kadadosna kita imam tumrap tiyang-tiyang takwa." Wong-wong kang mangokono iku kang bakal pinaringan ganjaran papan dhuwur ing Suwarga jalaran dheweke padha sabar, lan bakal padha tinampa ing kono kalawan do'a pahargyan lan rahayu. Padha manggon ana ing kono salawase. Sampurna ing kono iku minangka palereman sarta papan panggonan. Kandhaa marang wong-wong kafir: "Dene dongamu marang Panjenengane Pangeran-ku ora digatosake. Kowe nyata wus nampik bebener, mula ukuman jalaran anggonmu nampik bakal tumiba." (25: 69-78)

Ana dene wong-wong kang ngucap: "Pangeran kita iku Allah", lan dheweke padha tetep teguh, para malaikat padha

إِلَّا مَنْ تَابَ وَءَامَنَ وَعَمِلَ عَمَلًا صَالِحًا فَأُولَٰئِكَ يُبَدِّلُ اللَّهُ سَيِّئَاتِهِمْ حَسَنَاتٍ ۗ وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَحِيمًا ﴿٧١﴾

وَمَنْ تَابَ وَعَمِلَ صَالِحًا فَإِنَّهُ يَنْوِبُ إِلَى اللَّهِ مَتَابًا ﴿٧٢﴾

وَالَّذِينَ لَا يَشْهَدُونَ الزُّورَ وَإِذَا مَرُّوا بِاللَّغْوِ مَرُّوا كِرَامًا ﴿٧٣﴾

وَالَّذِينَ إِذَا دُكِرُوا بِتِيبَتِ رَبِّهِمْ لَمْ يَخِرُّوا عَلَيْهَا صُمًّا وَعُمْيَانًا ﴿٧٤﴾

وَالَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَرْوَاحِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا ﴿٧٥﴾

أُولَٰئِكَ يُجْزَوْنَ الْغُرَّةَ بِمَا صَبَرُوا وَيُلَقَّوْنَ فِيهَا نَجِيَّةً وَسَلَامًا ﴿٧٦﴾

خَالِدِينَ فِيهَا حَسَنَتْ مُسْتَقَرًّا وَمُقَامًا ﴿٧٧﴾

قُلْ مَا يَعْجُبُوكُمْ رَبِّي لَوْلَا دُعَاؤُكُمْ لَفَدَدْتُكُمْ فَمَنْ كَذَّبَ بَعْدَ فَسُوفَ يَكُونُ لِرَأْسِ الْأُمَامِ ﴿٧٨﴾

الفرقان: ٦٤ - ٧٨

إِنَّ الَّذِينَ قَالُوا رَبُّنَا اللَّهُ ثُمَّ اسْتَقَمُوا تَتَنَزَّلُ عَلَيْهِمُ الْمَلَائِكَةُ أَلَّا تَخَافُوا

tumurun marang dheweke, sarta ngandhani: "Aja padha wedi, utawa sedhik! awit bakal diparingi bebungah manggon ing suwarga, kaya dene sing dijanjekake marang sampeyan kabeh." Kita iki mitra sampeyan ana ing urip saiki lan ing Akhirat. Ing ngrika sampeyan bakal oleh apa kang sampeyan pengini, lan ing ngrika sampeyan bakal oleh apa kang sampeyan suwun.

(41:31-33)

وَلَا تَحْزَنُوا وَابْشُرُوا بِالْجَنَّةِ الَّتِي كُنتُمْ

تُوعَدُونَ ﴿٣١﴾

نَحْنُ أَوْلِيَاؤُكُمْ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا وَفِي الْآخِرَةِ

وَلَكُمْ فِيهَا مَا نَشْتَهُى أَنْفُسُكُمْ وَلَكُمْ

فِيهَا مَا تَدْعُونَ ﴿٣٢﴾

تُرَايَمْنَ عَفْوَرٍ رَحِيمٍ ﴿٣٣﴾

حم السجدة: ٣١ - ٣٣

## 15. HAK SAMI ANTAWISIPUN PRIYA LAN WANITA.

Saderengipun tumuruning agami Islam, wanita minangka golongan umat, dereng nggadahi hak ingkang dipun-akeni. Namung Islam pinyambak, agami ingkang netepaken sarana katemtuan lan pangreksa wontenipun hak-hak kangge golongan wanita, sahingga kekalihipun nggadahi drajad sami bab aosing rokh lan ing dalem pasrawungan, sarta nyukani kamar-dikan lan hak-melik, lan malih, nyukani raos kawajiban lan hak ing dalem hukum agami.

Sapa sing nindakake laku becik, lananga utawa wadona, janji dheweke wong-wong sing iman, mesthi dheweke padha Ingsun paringi panguripan kang becik, lan mesthi wae Ingsun maringi ganjaran akeh, jalaran saka anggotanira tumindak becik.

Lan sapa wae kang nindakake kabecikan, apa priya apa wanita, lan dheweke iku wong iman, mesthi bakal lumebu ing suwarga lan dheweke padha ora bakal kaluputake sethithik-thithika.

(4 : 125)

Temenan: Kang sumarah marang Allah, lan wanita kang sumarah marang Panjenengane, lan para priya kang iman sarta para wanita kang iman, lan para priya kang setia sarta para wanita kang setia, lan para priya kang jujur sarta para wanita kang jujur, lan para priya kang sabar sarta para wanita kang sabar,

مَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِنْ ذَكَرٍ أَوْ أَنْثَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ  
فَلَنَجْزِيَنَّهُ حَيٰوةً طَيِّبَةً وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ أَجْرَهُمْ  
بِأَحْسَنِ مَا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٦٨﴾

النحل : ٩٨

وَمَنْ يَعْمَلْ مِنَ الصَّالِحَاتِ مِنْ ذَكَرٍ أَوْ  
أَنْثَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَأُولَٰئِكَ يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ وَلَا  
يُظَلَمُونَ نَقِيرًا ﴿١٢٥﴾

النساء : ١٢٥

إِنَّ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ  
وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْقَانِتِينَ وَالْقَانِتَاتِ وَالصَّادِقِينَ وَ  
الصَّادِقَاتِ وَالصَّابِرِينَ وَالصَّابِرَاتِ وَالْخَاشِعِينَ

lan para priya kang andhap-asor sarta para wanita kang andhap-asor, lan para priya kang sedekah sarta para wanita kang sedekah, lan para priya kang pasa sarta para wanita kang pasa, lan para priya kang tansah eling marang Allah sarta para wanita kang tansah eling marang Allah, Allah wis nyediakake pangapura lan ganjaran kanggo dheweke iku mau kabeh. (33:36)

وَالْخَشِيعَتِ وَالْمُتَصَدِّقِينَ وَالْمُتَصَدِّقَاتِ  
وَالصَّائِمِينَ وَالصَّائِمَاتِ وَالْحَافِظِينَ  
فُرُوجَهُمْ وَالْحَافِظَاتِ وَالذَّاكِرِينَ اللَّهَ  
كَثِيرًا وَالذَّاكِرَاتِ أَعَدَّ اللَّهُ لَهُم مَّغْفِرَةً  
وَأَجْرًا عَظِيمًا ﴿٣٦﴾

الأحزاب: ٣٦

”Sinten ingkang tumindak awon badhe angsal piwales satimbang kaliyan kalepatanipun; nanging sinten ingkang tumindak sae, priya menapa wanita, sarta piyambaki-pun menika tiyang iman, tetiyang menika ingkang sami badhe lumebet ing suwarga; sami badhe kasadiyani ing riku rejeki tanpa wates.” (41)

مَنْ عَمِلَ سَيِّئَةً فَلَا يُجْزَى إِلَّا مِثْلَهَا وَمَنْ عَمِلَ  
صَالِحًا مِنْ ذَكَرٍ أَوْ أُنْثَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ  
فَأُولَٰئِكَ يَدْخُلُونَ الْجَنَّةَ يُرْزَقُونَ فِيهَا بِغَيْرِ  
حِسَابٍ ﴿٤١﴾

المؤمن: ٤١

Dene para ibu kang dipegat wajib nyrantekake pindhaha nganti sawise nggarap sari ping telu, lan ora bener kalamun padha ndhelikake apa kang Allah nitahake ing sajroning kandhutane, manawa dheweke iku padha iman marang Allah lan dina akhir; sarta bojone luwih nduweni hak mbaleni wadone sajroning mangsa iddah iku, mangkono manawa dheweke padha karep rujuk. Lan para wadon mau nduweni hak padha karo para bojone tumrapping keadilan; nanging wong lanang mono satingkat luwih

وَالْمُطَلَّقَاتُ يَتَرَبَّصْنَ بِأَنْفُسِهِنَّ ثَلَاثَةَ قُرُوءٍ وَلَا  
يَحِلُّ لَهُنَّ أَنْ يَكْتُمْنَ مَا خَلَقَ اللَّهُ فِي أَرْحَامِهِنَّ إِنْ كُنَّ  
يُؤْمِنَنَّ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَيُعَلِّمُنَّ أَوْلَادَهُنَّ حِرْمَانِ فِي ذَلِكَ  
إِنْ أَرَادُوا إِصْلَاحًا وَلَهُنَّ مِثْلُ الَّذِي عَلَيْهِنَّ بِالْمَعْرُوفِ  
وَلِلرِّجَالِ عَلَيْهِنَّ دَرَجَةٌ وَاللَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ﴿٤٦﴾



dhuwur tinimbang wong wadon. Lan Allah iku Maha-Prakosa, Maha-Wicaksana. Talak mangkono iku kena rong rambahan, sawise menahi talak sira bisa ngrujuk kalawan becik utawa nguculake kalawan becik. Lan ora bener tumrap sira manawa sira njabel apa kang wus sira wenehakè dheweke, kajaba yen kuwatir bakal ora bisa netepi wates-watesing Allah, lan ora dosa tumrap sakarone manawa wong wadon mbalekake minangka tebusane. Iku mau wates-watesing Allah, aja padha nerak iku; dene sapa kang nerak wates-watesing Allah, yaitu kang padha tumindak aniaya. (2:229—230)

الطَّلُقُ مَرَّتَانٍ فَإِمْسَاكَ بِمَعْرُوفٍ أَوْ تَسْرِيحٍ  
بِحَسَنٍ وَلَا يَجِلُّ لَكُمْ أَنْ تَأْخُذُوا بِمَا  
ءَاتَيْتُمُوهُنَّ شَيْئًا إِلَّا أَنْ يَخَافَا أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ  
اللَّهِ فَإِنْ خِفْتُمْ أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ اللَّهِ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْهِمَا  
فِيمَا افْتَدَتْ بِهِ تِلْكَ حُدُودُ اللَّهِ فَلَا تَعْتَدُوهَا وَمَنْ  
يَتَعَدَّ حُدُودَ اللَّهِ فَأُولَئِكَ هُمُ الظَّالِمُونَ ﴿٢٣٠﴾

## 16. AWISAN WONTENIPUN RENTEN LAN ANAKAN INGGANG AWRAT

Tembung ingkang kaginakaken dening Qur'an ingkang ateges renten inggih menika : riba. Miturut teges, hubunganipun mboten wonten kaliyan tembung "renten". Kados dene ingkang dipun-mangertosi umumipun. Riba menika dipun-awisi, awit nyurung bandhaning manungsa supados dipun-kuwaosi dening golongan sakedhik. Lan nebihaken saking raos welas-asih dateng sesamining gesang. Inggang kanamakaken opah ingkang umumipun kawastanan renten, tiyang ingkang nyambutu panci pados kauntungan, lan migunakaken kawontenan ingkang nguntungaken, ing dalem kekirangan lan cilakanipun ngasanes.

Wong-wong kang mangan renten iku ora madeg kajaba kaya madege wong kang kerasukan setan kang pikire ora waras. Kaya mangkono iku amarga padha ngucap : "Dagang iku uga kaya renten"; Kang mangka Allah wus netepake dagang iku sah lan renten ora sah. Kanggo wong-wong kang wus nampa pepenget saka Pangerane, banjur leren saka anggone nindakake larangan iku, tetap dadi duweke apa kang wingi wus didarbeki; prekarane ana ing astaning Allah. Dene sapa kang mbaleni mangkono iku dheweke iku warganing naraka; ing kono anggone pada manggon. Allah bakal nyirnakake renten lan ndadekake sedekah saya lumrah. Lan Allah ora remen marang wong kang kebangeten kafire lan kang seneng gawe dosa. Temenan, para kang padha iman

الَّذِينَ يَأْكُلُونَ الرِّبَا لَا يَقُومُونَ إِلَّا كَمَا  
يَقُومُ الَّذِي يَتَخَبَّطُهُ الشَّيْطَانُ مِنَ الْمَسِّ ذَلِكَ  
بِأَنَّهُمْ قَالُوا إِنَّمَا الْبَيْعُ مِثْلُ الرِّبَا وَأَحَلَّ اللَّهُ  
الْبَيْعَ وَحَرَّمَ الرِّبَا فَمَنْ جَاءَهُ مَوْعِظَةٌ مِنْ رَبِّهِ  
فَأَنْتَهَى فَلَهُ مَا سَلَفَ وَأَمْرُهُ إِلَى اللَّهِ وَمَنْ  
عَادَ فَأُولَئِكَ أَصْحَابُ النَّارِ هُمْ فِيهَا  
خَالِدُونَ ﴿٢٧٧﴾

يَمْحَقُ اللَّهُ الرِّبَا وَيُرِي الصَّدَقَاتِ وَاللَّهُ لَا  
يُحِبُّ كُلَّ كَفَّارٍ أَثِيمٍ ﴿٢٧٨﴾

lan kang nindakake kabecikan, lan nja-ga shalat lan mbayar zakat, bakal oleh ganjarane saka Pangerane, lan kuwafir ora bakal nekani dheweke, uga ora bakal padha susah. E, wong-wong kang padha iman! Wedia Allah lan tinggalen turahan-turahaning renten, manawa sira wong-wong mukmin. Menawa sira ora nindakake mangkono, sira iku den praitna bakal perange Allah lan Utusane, lan manawa sira padha tobat rugimu ora sepiroa, awit sira bakal isih entuk baboning bandhanira, mangkono sira ora bakal kleru, uga sira ora diklerok-ake. Lan manawa wong kang utang lagi nandang karupekan, lha padha ngentena nganti dheweke longgar; dene manawa utang iku padha sira danakake, iku luwih becik tumrape sira, manawa sira padha ngerti. Lan wedia marang dina ing nalika sira bakal dibalekake marang Allah; banjur saben jiwa bakal diganjar sampurna apa kang ditindak-ake lan ora bakal dikurangi. (2 : 276-282)

E, para mukmin, aja mangan bandha-nira saka antaranira kanthi cara kang ora sah, kajaba pikolehira saka dagang kang adhedhasar padha rilane. Lan aja mateni awak-awakira dhewe. Temenan Allah mono Maha-Asih marang sira. (4 : 30)

إِنَّ الَّذِينَ ءَامَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَأَقَامُوا الصَّلَاةَ وَآتَوُا الزَّكَاةَ لَهُمْ أَجْرُهُمْ عِنْدَ رَبِّهِمْ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ يَحْزَنُونَ ﴿٢٧٨﴾

يَأْتِيهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَذَرُوا مَا بَقِيَ مِنَ الرِّبَا إِن كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ ﴿٢٧٧﴾

إِن لَّمْ تَفْعَلُوا فَأْذَنُوا بِحَرْبٍ مِنَ اللَّهِ وَرَسُولِهِ وَإِن تُبْتِغُوا فَلََكُمْ رَأْسُ أَمْوَالِكُمْ لَا تَظْلِمُونَ وَلَا تَظْلَمُونَ ﴿٢٧٨﴾

وَإِن كَانَتْ ذُو عُسْرَةٍ فَنَظِرَةٌ إِلَىٰ مَيْسَرَةٍ وَإِن تَصَدَّقُوا خَيْرٌ لَّكُمْ إِن كُنْتُمْ تَعْلَمُونَ ﴿٢٨١﴾

وَأْتَقُوا يَوْمًا تُرْجَعُونَ فِيهِ إِلَى اللَّهِ ثُمَّ تُوَفَّى كُلُّ نَفْسٍ مَا كَسَبَتْ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ ﴿٢٨٧﴾

البقرة: ٢٧٦ - ٢٨٢

يَأْتِيهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا لَا تَأْكُلُوا أَمْوَالَكُمْ بَيْنَكُمْ بِالْبُطْلِ إِلَّا أَن تَكُونَ تِجَارَةً عَنْ تَرَاضٍ مِّنكُمْ وَلَا تَقْتُلُوا أَنفُسَكُمْ إِنَّ اللَّهَ كَانَ بِكُمْ رَحِيمًا ﴿٣٥﴾

النساء: ٣٠

## 17. PAWECAN

Surat-surat Qur'an ingkang katurunaken langkung rumiyin kathah ingkang nerangakan lelampahan ingkang aneh lan ingkang nyata. Dene perlunipun kangge ngiyataken wewarah lan wulanganing Qur'an. Sawetawis saking tuntunan menika nerangaken ramalan-ramalan ingkang kanyatanipun sampun kabukten ing dalem abad-abad kapengker. Ingkang kathah buktinipun awujud perlambang, kadhang-kadhang awujud kedadosan ingkang nyata, utawi awujud kekalihipun. Kados dene ingkang sampun katerangaken, namining Buku menika ugi satunggiling wecaan, ingkang bukti kanyatanipun ugi kayektekaken salami-laminipun. Wahyu ingkang wiwitan piyambak ngramalaken badhe dhatengipun mangsa majenging seserepan, jalaran saking amigunakaken pen. (96 : 4 - 6).

E, para jin lan manungsa! Manawa sira bisa ngira kuwat nembus watesing kabeh langit-langit lan bumi, mara padha tembusen. Nanging sira ora bakal bisa nembus, kajaba yen kanthi kekuwatan. Kang endi ta kamurahane Pangeranira kang arep sira paido? Bakal dikirim marang sira ubaling geni lan lelehing tembaga; lan sira ora bakal bisa mitulungi awakmu dhewe. (55:34-36)

يَمْعَشَرُ الْجِنَّ وَالْإِنْسَ إِنِ اسْتَطَعْتُمْ أَنْ تَنْفُذُوا مِنْ  
أَقْطَارِ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ فَانْفُذُوا لَا تَنْفُذُونَ  
إِلَّا بِإِذْنِ رَبِّكُمْ

فَأَيُّ آيَاتِ رَبِّكُمُ الْكَذِبَانِ

يُرْسَلُ عَلَيْكُمَا شَوْابُ مِّنْ نَّارٍ وَنُحَاسٌ فَلَا تَنْصِرَانِ

الرحمن : ٣٤ - ٣٦

Nalikane langit iku kabukak, Lan ngestokake marang Pangerane lan mesthine dheweke iku ngestokake.

إِذَا السَّمَاءُ انشَقَّتْ

وَأَدْنَتْ لِرَبِّهَا وَحُفَّتْ

Lan nalikane bumi diratakake, Lan muntahake isen-isene, mbanjur ketoke dadi kothong; Lan ngestokake marang Pangerane, lan samesthine dheweke iku (84:2 – 6)

وَإِذَا الْأَرْضُ مُدَّتْ ﴿٤﴾

وَأَلْقَتْ مَا فِيهَا وَتَخَلَّتْ ﴿٥﴾

وَأَذِنَتْ لِرَبِّهَا وَحُقَّتْ ﴿٦﴾

الانشقاق: ٦ - ٢

Lan nalikane onta meteng sepuluh sasi padha ditinggal, (81:5)

وَإِذَا الْعِشَارُ عُطِّلَتْ ﴿٥﴾

وَإِذَا الْتُفُوسُ زُوِّجَتْ ﴿٨﴾

التكوير: ٨ ٥

Lan nalika mawarna-warna bangsa dikumpulake, (81:8)

وَإِذَا الصُّعُفُ نُشِرَتْ ﴿٦﴾

وَإِذَا السَّمَاءُ كُشِطَتْ ﴿١٧﴾

التكوير: ١٢ - ١١

Lan nalika buku-buku disebar. Lan nalikane langit wus kabukak. (81:11–12)

Naila bumi dioyag-oyag nganti gonjang-ganjing; Lan bumi iku muntahake isen-isene. Lan manungsa bakal celathu, "Ana kedadeyan apa dheweke iku?" Ing dina iku bumi bakal nyritakake kahanane, Jalaran Pangeranira medharake dhawuh ngenani dheweke. Ing dina iku para manungsa padha metu aprenca-prenca saperlu dituduhake wohing tumindake. Dene sapa kang nindakake kabecikan saboboting glugut bakal ameruhi iku, Lan sapa kang nindakake piala saboboting glugut uga bakal meruhi iku. (99: 2–9)

إِذَا زُلْزِلَتِ الْأَرْضُ زِلْزَالَهَا ﴿٢﴾

وَأُخْرِجَتِ الْأَرْضُ أَثْقَالَهَا ﴿٣﴾

وَقَالَ الْإِنْسَانُ مَا لَهَا ﴿٤﴾

يَوْمَئِذٍ تُحَدِّثُ أَخْبَارَهَا ﴿٥﴾

يَا أَيُّهَا النَّاسُ أَوْحَىٰ إِلَيْهَا ﴿٦﴾

يَوْمَئِذٍ يَصُدُّرُ النَّاسُ أَسْمَانًا لِيُرَوُا ﴿٧﴾

أَعْمَلَهُمْ ﴿٧﴾

فَمَنْ يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ خَيْرًا يَرَهُ ﴿٨﴾

وَمَنْ يَعْمَلْ مِثْقَالَ ذَرَّةٍ شَرًّا يَرَهُ ﴿٩﴾

الزلزال: ٩ - ٢

Lan dheweke padha takon marang sira ing bab gunung-gunung. Kandhanana, "Pangeranku bakal ngleburake iku dadi sawalang-walang sarta ngawur-awurake kaya dene lebu. Banjur Panjenengane bakal ninggalake iku dadi lemah rata kang bera, "Ing kono sira bakal ora weruh ana ledhokan utawa punthukan." (20:106-108)

وَيَسْأَلُونَكَ عَنِ الْجِبَالِ فَقُلْ يَنْسِفُهَا رَبِّي نَسْفًا ﴿١٠٦﴾

فَيَذَرُهَا قَاعًا صَفْصَفًا ﴿١٠٧﴾

لَا تَرَى فِيهَا عِوَجًا وَلَا أَمْتًا ﴿١٠٨﴾

طه : ١٠٦ - ١٠٨

Lan nalika putusan wus tumiba marang dheweke, Ingsun bakal ngetokake gegremet saka bumi iku, kang bisa natoni dheweke jalaran padha ora percaya marang Tandha-Tandha Ningsun. (27:83)

وَإِذَا وَقَعَ الْقَوْلُ عَلَيْهِمْ أَخْرَجْنَا لَهُمْ دَابَّةً مِّنَ الْأَرْضِ ﴿٨٣﴾

تَكَلِّمُهُمْ أَنَّ النَّاسَ كَانُوا بِآيَاتِنَا لَا يُوقِنُونَ ﴿٨٣﴾

اعل : ٨٣

Nalika mata digawe blereng, Lan rembulan digawe grahana, Sarta srengenge lan rembulan diklumpukake. (75:8-10)

فَإِذَا بَرِقَ الْبَصُرُ ﴿٨﴾

وَحَسَفَ الْقَمَرُ ﴿٩﴾

وَجُمِعَ الشَّمْسُ وَالْقَمَرُ ﴿١٠﴾

القيمة : ٨ - ١٠

Mahasuci Panjenengane, kang ing Astane anane kabeh karaton; lan mungguhing kabeh mau Piyambake Kang Kawasa. Kang nitahake mati lan urip minangka coba tumrap sira kabeh; sapa ta kang becik dhewe amale ing antaranira. Panjenengane Kang Maha-kawasa lan Maha-apura. Kang nitahake langit susun sap pitu. Ing sajroning titahing Kang Maha-asih iku sira ora bisa weruh sabarang kang ora laras. Coba tontonon kanthi premati apa ana barang kang ora. timbang? (67:2-4)

تَبْرَكَ الَّذِي يَدِيَهِ الْمُلْكُ وَهُوَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢﴾

الَّذِي خَلَقَ الْمَوْتَ وَالْحَيَاةَ لِيَبْلُوَكُمْ أَيُّكُمْ أَحْسَنُ عَمَلًا ﴿٣﴾

وَهُوَ الْعَزِيزُ الرَّحِيمُ ﴿٤﴾

الَّذِي خَلَقَ سَبْعَ سَمَاوَاتٍ طِبَاقًا مَا تَرَى فِي خَلْقِ

الرَّحْمَنِ مِن تَفَوُّتٍ فَأَرْجِعِ الْبَصَرَ هَلْ تَرَى مِن

فُطُورٍ ﴿٤﴾

الملك : ٢ - ٤

## 18. PANITI PRIKSA URUSAN ALAM.

Salah satunggiling wawasan Qur'an ingkang pinuji inggih menika sanajan umuripun sampun 1400 tahun, nanging pamawasipun bab alam mboten wonten satunggal kemawon pemanggihipun ingkang kacihna lepat, sa-sampunipun katiti priksa ing pawingkingipun. Kathah pemanggih-pemanggih ingkang kacihna leresipun ing dalem paniti priksa ingkang sampun-sampun, lan antawisipun ugi wonten ingkang teksih nengga paniti priksa salajengipun. Saweg sawatawis katerangan ingkang kapilih dados bukti wontenipun pemanggih-pemanggih alamiah ingkang kasebat ing dalem Qur'an.

---

Lan antarane tanda-tandane yaiku tumitahing kabeh langit-langit lan bumi, lan tumitahing kabeh titah urip kang wus Panjenengane sebar ing kono ing sakarone. Lan Panjenengane kawasa ngumpulake kabeh mau samangsa Panjenengane ngresakake. (42:30)

وَمِنْ آيَاتِهِ خَلْقَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا فِي سِتِّينَ نَجْمًا وَهُوَ عَلَىٰ جَمْعِهِمْ إِذَا يَشَاءُ قَدِيرٌ ﴿٣٠﴾  
الشورى : ٣٠

Lan Panjenengane iku kang wus ndadekake sira saka jiwo siji, banjur tumrap sira ana papan kanggo sawetara wektu lan papan kang tetep. Temenan wus Ingsun andharake Tandha-Tandha tumrap wong-wong kang mangerti. (6:99)

وَهُوَ الَّذِي أَنْشَأَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ فَمُسْتَقَرٌّ وَمُسْتَوْدَعٌ قَدْ فَصَّلْنَا الْآيَاتِ لِقَوْمٍ يَفْقَهُونَ ﴿٩٩﴾  
الأنعام : ٩٩

E, para manungsa! Wedia marang Pan-geranira kang ndadekake sira saka wu- jud siji lan saka pepadhane iku uga

يَتَأْتِيهَا النَّاسُ اتِّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَ

Panjenengane ndadekake jodhone, lan ngrembakakake saka sakarone wong-wong lanang lan wong-wong wadon akeh; lan wedia marang Allah, kang kanthi Asmane sira padha jaluk-jinaluk, lan wedia Panjenengane, luwih-luwih ing bab urusan kaum kerabat. Temenan, Allah iku tansah ngawasi sira.

(4:2)

خَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا ﴿٦﴾

النساء: ٢

Ya Panjenengane kang rupaning wujud ing sajroning kandhutan manut Karsane; ora ana Pangeran kajaba Panjenengane, Maha-Kawasa, Maha-Wicaksana.

(3:7)

هُوَ الَّذِي يُصَوِّرُكُمْ فِي الْأَرْحَامِ كَيْفَ يَشَاءُ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٧﴾

آل عمران: ٧

Apa kowe ora padha weruh, yen Allah anitahake langit-langit lan bumi iki kalawan nyata yen kakarsakake, Panjenengane bisa musnahake sira kabeh lan nitahake makhluk anyar.

(14:20)

أَلَمْ تَرَ أَنَّ اللَّهَ خَلَقَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ بِالْحَقِّ إِنَّ يَشَاءُ يَذْهَبَكُمْ وَيَأْتِ بِخَلْقٍ جَدِيدٍ ﴿٢٠﴾

ابراهيم: ٢٠

E, para manungsa, manawa sira ragu ing bab uripe maneh wong kang wis mati, mara sira mikira, Ingsun wus nitahake sira iku saka lebu, banjur saka mani satetes, banjur saka getih kenthel, banjur saka daging sakepel, saperangan wus wujud lan saperangan durung wujud, supaya Ingsun bisa ngatonake Kuwasaningsun marang sira. Lan Ingsun ndadekake apa kang dadi Karsaningsun iku tetep ing jero rahim sajroning wektu kang ditetepake; banjur Ingsun lahirake sira dadi bayi; banjur Ingsun jaga sira tumeka mangsa dewasa. Lan ing antaranira ana kang kapundhut

يَأْتِيهَا النَّاسُ إِنْ كُنْتُمْ فِي رَيْبٍ مِنَ الْبَعْثِ فَإِنَّا خَلَقْنَاكُمْ مِنْ تُرَابٍ ثُمَّ مِنْ نُطْفَةٍ ثُمَّ مِنْ عَلَقَةٍ ثُمَّ مِنْ مُضْغَةٍ مُخَلَّقَةٍ وَغَيْرِ مُخَلَّقَةٍ لِنَبِّئَنَّ لَكُمْ وَنَقَرُّ فِي الْأَرْحَامِ مَا نَشَاءُ إِلَىٰ أَجَلٍ مُّسَمًّى ثُمَّ نُخْرِجُكُمْ طِفْلًا ثُمَّ لِتَبْلُغُوا أَشَدَّكُمْ وَمِنْكُمْ مَنْ يُؤْتِقُ وَمِنْكُمْ مَنْ يُرَدُّ إِلَىٰ



kaya lumrahe, lan ana kang didawake umure nganti pikun. Lan sira weruh bumi kang bera, nanging manawa Ingsun turunake udan ing kono, lemahe banjur urip lan subur, nukulake warna-warna thethukulan kang endah lan asri. (22:6)

أَزْدَلِ الْعُمْرِ لِكَيْلَا يَعْلَمَ مِنْ بَعْدِ عِلْمٍ شَيْئًا  
وَتَرَى الْأَرْضَ هَامِدَةً فَإِذَا أَنْزَلْنَا عَلَيْهَا الْمَاءَ  
أَهْرَتَ وَرَبَّتْ وَأَنْبَتَتْ مِنْ كُلِّ زَوْجٍ بَهِيحٍ ﴿٦﴾

الحج : ٦

Lan sira weruh gunung-gunung kang kok kira tumancep kukuh, nanging iku bakal padha ngleyang kaya ngleyange mega-mega. Iku pakaryane Allah Kang wus gawe samubarang sampurna. Temenan, Panjenengane ngudaneni kanthi titi apa kang sira tindakake. (27:89)

وَتَرَى الْجِبَالَ تَحْسَبُهَا جَامِدَةً وَهِيَ تَمُرُّ مَرَّ السَّحَابِ  
صُنِعَ اللَّهُ الَّذِي أَنْقَضَ كُلَّ شَيْءٍ إِنَّهُ خَيْرٌ لِمَا  
تَفْعَلُونَ ﴿٨٩﴾

النحل : ٨٩

Lan Panjenengane wus nitahake jaran, bagal lan kuldi, supaya sira bisa nunggangi, lan uga minangka sesawangan. Lan panjenengane bakal nitahake apa kang sira durung weruh. (16:9)

وَالْحَيْلِ وَالْبِغَالِ وَالْحَمِيرِ لَتَرَكَبُوهَا وَزِينَةً  
وَيَخْلُقُ مَا لَا تَعْلَمُونَ ﴿٩﴾

النحل : ٩

## 19. SAWATAWIS DONGA INKGANG KAWULANGAKEN ING QUR'AN SUCI.

Donga menika dados margi ingkang sak-mesthinipun kangge tata-pasrawungan antawisipun Pangeran lan panderekipun. Rahmating Pangeran menika ingkang ngrumiyini nggendeng manungsa supados nyaket dhateng Panjenenganipun. Tetiyang sarana sungkem lan kumawula sowan dhateng Panjenanganipun. Ing dalem ndonga rumaketing raos cinelak saged karaosaken saestu, ingkang anjalari tuwuhing raos bakti suci ingkang tanpa umpami. Para tetiyang ingkang sampun sami mangretosi tumuruning dhawuh lan pitedah sami mangertosi sarana keyakinan jalaran pengalamaniipun, menawi kapitadosan ingkang sampurna menika anjalari tiyang saged kaparingan daya ingkang linangkung lantaran donga.

Lan manawa abdi-abdi-Ningsun takon marang sira bab Ingsun, wangsulana, 'Sajatine Ingsun iki caket. Ingsun ngabulake dongane wong-wong kang padha nyuwun manawa ndonga marang Ingsun. Mula wus mesthine wong-wong iku padha nuhoni dhawuh Ingsun lan padha iman marang Ingsun, supaya padha antuk pituduh. (2:187)

وَإِذَا سَأَلَكَ عِبَادِي عَنِّي فَإِنِّي قَرِيبٌ  
أُجِيبُ دَعْوَةَ الدَّاعِ إِذَا دَعَانِ فَلْيَسْتَجِيبُوا  
لِي وَلْيُؤْمِنُوا بِلَعَلَّهُمْ يَرْشُدُونَ ﴿١٨٧﴾

Lan ing antarane wong-wong iku ana kang matur: 'Dhuh Gusti, kaparingana kita kasaenan ing donya lan kasaenan ing akherat; saha katebihna kita saking sisa Latu." Ya wong-wong iki kang padha bakal oleh kabegjan gedhe minangka

وَمِنْهُمْ مَّنْ يَقُولُ رَبَّنَا إِنَّا فِي الدُّنْيَا  
حَسَنَةٌ وَفِي الآخِرَةِ حَسَنَةٌ وَقِنَا عَذَابَ  
النَّارِ ﴿١٨٧﴾

ganjaran saka usahane. Lan Allah iku cepet ing petung. (2:202–203)

أُولَئِكَ لَهُمْ نَصِيبٌ مِّمَّا كَسَبُوا وَاللَّهُ سَرِيعٌ  
 الْحِسَابِ ﴿٢٠٢﴾ البقرة: ٢٠٢ - ٢٠٣

Allah ora maringi sanggan marang wong kajaba saukur karo kakuwatane. Tumrap dheweke ganjaran saukur usahane, lan tumrap dheweke siksa saka tumindake kang ala. Dhuh Gusti! sampun Paduka ukum kita manawi kita kasupen utawi tumindak lepat; Dhuh Gusti! sampun Paduka paringi sanggan dhumateng kita sanggan kados ingkang Paduka paringaken dumateng tiyang-tiyang sakderengipun kita. Dhuh Gusti! sampun Paduka paringi sanggan dhumateng kita ingkang kita mboten kiyat nyanggi; saha mug i paring pangapunten dhumateng kita, lan mug i karsaa welas dhumateng kita, Saestu Paduka punika Pangeran kita; mug i paringa kita pitulungan yen aben ajeng kaliyan tiang kafir. (2:287)

لَا يَكْفِيكَ اللَّهُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا لَهَا مَا  
 كَسَبَتْ وَعَلَيْهَا مَا اكْتَسَبَتْ رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَا  
 إِنْ نَسِينَا أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ  
 عَلَيْنَا أَوْرَاقَنَا كَمَا حَمَلْتَهُ عَلَى الَّذِينَ مِنْ  
 قَبْلِنَا رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لِإِطَاقَةِ لَنَا بِهِ  
 وَاعْفُ عَنَّا وَاعْفِرْ لَنَا وَارْحَمْنَا أَنْتَ مَوْلَانَا  
 فَانصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ ﴿٢٨٧﴾

Ing bab dumadining langit-langit lan bumi, lan bab gilir gumantining wengi lan raina, temen ana Tandha-Tandha tumrap wong-wong kang duwe akal, Yaiku wong-wong kang eling marang Allah nalikane ngadeg, lungguh, apa leyeh-leyeh, dheweke iku padha tafakur mikir dumadining langit-langit lan bumi karo matur: "Dhuh Gusti, Panjenengan mboten ndadosaken menika sadaya muspra; Maha Suci Panjenengan saking padamelan muspra, mug i kareksaa kita saking siksaning Latu." "Dhuh Gusti,

إِنَّ فِي خَلْقِ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ وَاخْتِلَافِ  
 اللَّيْلِ وَالنَّهَارِ آيَاتٍ لِأُولِي الْأَلْبَابِ ﴿١٦١﴾  
 الَّذِينَ يَذْكُرُونَ اللَّهَ قِيَمًا وَقُعُودًا وَعَلَىٰ جُنُوبِهِمْ  
 وَيَتَفَكَّرُونَ فِي خَلْقِ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ رَبَّنَا مَا  
 خَلَقْتَ هَذَا بَطْلًا سُبْحَانَكَ فَقِنَا عَذَابَ النَّارِ ﴿١٦٢﴾

sok sintena tiyang ingkang Panjenengan lebetaken ing Latu, saestu punika tiyang ingkang Panjenengan damel ina. Lan tumrap tiyang ingkang nglirowakaken awakipun piyambak punika mboten wonten tiyang sanes ingkang tetulung.” ”Dhuh Gusti, sajatosipun kita sampun mireng Juru Panguwuh ngajak kita dhumateng keimanan, cariosipun: ”Padha imana marang Pangeranmu,” mila kita inggih lajeng iman. Dhuh Gusti, saking punika mug i Panjenengan karsa ngapunten dosa-dosa kita, lan katebhna kita saking tindak awon, lan menawi pejah mangke mug i kagolongna kita antawisipun tetiyang saleh.’ ”Dhuh Gusti, kaparingana kita punapa ingkang sampun Paduka janjekaken lumantar para Rasul Paduka, lan mug i sampun Paduka damel ina kita ing Dinten Kiyamat. Saestu, Paduka punika mboten mbalenjani janji Paduka.” Mekaten menika Pangeran ngabulaken do’anipun tiyang-tiyang wau, ngandikanipun, ”Ingsun ora ngremehake pagaweyane antaranira, apa lanang apa wadon. Golongane sira iku bagean saka golongan liyane. Mula wong-wong kang wus hijrah lan padha ditundhung saka omahe, lan dianiyaya ing marga-ningsun, lan kang padha perang lan kaprajaya, mesthi Ingsun bakal nyingkirake saka dheweke tumindake kang ala, lan dheweke bakal Ingsun lebokake ing sajroning swargo kang ing kono mili kali-kali, sawijining ganjaran saka Allah, lan ing ngarsane

رَبَّنَا إِنَّكَ مِنْ تَدْحِلِ النَّارِ فَقَدْ أَخْرَيْتَهُ وَمَا

لِلظَّالِمِينَ مِنْ أَنْصَارٍ ﴿١٤٦﴾

رَبَّنَا إِنَّا أَسْمِعْنَا مُنَادِيًا يُنَادِي لِلْإِيمَانِ أَنْ آمِنُوا بِرَبِّكُمْ فَآمَنَّا رَبَّنَا فَاغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا وَكَفِّرْ عَنَّا

سَيِّئَاتِنَا وَتَوَقَّفْ مَعَ الْأَبْرَارِ ﴿١٤٧﴾

رَبَّنَا وَإِنَّا مَاعِدَتْنَا عَلَىٰ رُسُلِكَ وَلَا نُخِزُّنَا يَوْمَ

الْقِيَامَةِ إِنَّكَ لَا تُخْفِ الْمُبْعَادَ ﴿١٤٨﴾

فَأَسْتَجَابَ لَهُمْ رَبُّهُمْ أَنِّي لَا أُضِيعُ عَمَلَ

عَمَلٍ مِّنْكُمْ مِنْ ذَكَرٍ أَوْ أَنزِلُ بَعْضَكُمْ مِنْ بَعْضٍ

فَالَّذِينَ هَاجَرُوا وَأُخْرِجُوا مِنْ دِيَارِهِمْ وَأُودُوا

فِي سَبِيلِي وَقَاتَلُوا وَقُتِلُوا لَأُكَفِّرَنَّ عَنْهُمْ

سَيِّئَاتِهِمْ وَلَأُدْخِلَنَّهُمْ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ

تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ ثَوَابًا مِّنْ عِنْدِ اللَّهِ وَاللَّهُ عِنْدَهُ

Allah iku ganjaran kang becik dhewe.”  
(3:191–196)

حَسَنُ الثَّوَابِ ﴿١٩٦﴾ آل عمران: ١٩١ - ١٩٦

20. SAWATARA SURAT-SURAT ING AL-QUR'AN  
KANG CENDHAK-CENDHAK SING BISA DIAPALAKE

Kalawan asmane Allah, Kang Maha-Mirah, Maha-Asih. Ucapna, "E, wong-wong kafir! "Aku ora nyembah cara kowe nyembah. "Lan kowe ora nyembah cara aku nyembah. "Lan aku ora nyembah apa sing kok sembah". "Lan kowe ora nyembah apa sing taksembah. "Kanggo kowe agamamu, kanggo aku agamaku." (109.1-7)

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ﴿١﴾

قُلْ يَتَّبِعُوا الْكُفْرُونَ ﴿٢﴾

لَا أَعْبُدُ مَا تَعْبُدُونَ ﴿٣﴾

وَلَا أَنْتُمْ عَابِدُونَ مَا أَعْبُدُ ﴿٤﴾

وَلَا أَنَا عَابِدٌ مَّا تَعْبُدُونَ ﴿٥﴾

وَلَا أَنْتُمْ عَابِدُونَ مَا أَعْبُدُ ﴿٦﴾

لَكُمْ دِينُكُمْ وَلِيَ دِينِ ﴿٧﴾

الكُفْرُونَ ١ - ٧

Kalawan asmaning Allah, Kang Maha-Mirah, Maha-Asih. Yen teka pitulungane Allah lan kamenangan. Lan sira weruh wong-wong padha lumebu agamane Allah kanthi rerombongan, Mulyakna asmane Pangerannira, kanthi puja-puji-Ne, lan nyuwuna pangapura Panjenengane. Temenan Panjenengane iku tansah nampa tobat. (110:1 - 4)

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ﴿١﴾

إِذَا جَاءَ نَصْرُ اللَّهِ وَالْفَتْحُ ﴿٢﴾

وَرَأَيْتَ الْنَّاسَ يَدْخُلُونَ فِي دِينِ اللَّهِ

أَفْوَاجًا ﴿٣﴾

فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَأَسْتَغْفِرْهُ إِنَّهُ كَانَ

تَوَّابًا ﴿٤﴾

النصر: ١ - ٤

Kalawan asmaning Allah kang Maha-Mirah, Maha-Asih. Kanthi wektu kang sangsaya suda, Satemene manungsa iku tansah ing dalem kapitunan. Kajaba wong-wong kang iman lan nindakake kabecikan sarta padha gelem tutur-tinutur ing prakara bener, sarta padha tutur-tinutur den padha sabar.

(103: 1-4)

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ﴿١﴾

وَالْعَصْرِ ﴿٢﴾

إِذَا الْإِنْسَانَ لِفِي خُسْرٍ ﴿٣﴾

إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَتَوَصَّوْا

بِالْحَقِّ وَتَوَصَّوْا بِالصَّبْرِ ﴿٤﴾ العصر: ١ - ٤

Kalawan asmaning Allah Kang Maha-Mirah, Maha-Asih. Kandhaa, "Panjenengane Allah iku Kang Maha-Tunggal, "Allah, Kang Madeg Pribadi, dadi paraning kabeh titah. "Panjenengane ora peputra, lan ora kaputraake; "Lan Panjenengane ora ana sing madhani.

(112: 1-5)

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ﴿١﴾

قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ ﴿٢﴾

اللَّهُ الصَّمَدُ ﴿٣﴾

لَمْ يَكِدْ وَلَمْ يُولَدْ ﴿٤﴾

وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ ﴿٥﴾

الإخلاص: ١ - ٥

Kalawan asmaning Allah Kang Maha-Mirah, Maha-Asih. Matura, "Kawula nyuwun pangayoman dhumateng Pangeraning fajar, "Saking piawoning saweneh titahipun. "Lan saking piawoning petenging dalu manawi nglimputi, "Lan saking piawoning tiyang-tiyang ingkang nyetani sesambetaning karukunan, "Lan saking piawoning tiyang-tiyang drengki manawi pinuju nindakaken drengkkipun!

(113: 1-5)

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ﴿١﴾

قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ الْفَلَقِ ﴿٢﴾

مِنْ شَرِّ مَا خَلَقَ ﴿٣﴾

وَمِنْ شَرِّ غَاسِقٍ إِذَا وَقَبَ ﴿٤﴾

وَمِنْ شَرِّ النَّفَّاثَاتِ فِي الْعُقَدِ ﴿٥﴾

وَمِنْ شَرِّ حَاسِدٍ إِذَا حَسَدَ ﴿٦﴾

الفلق: ١ - ٦

Kalawan asmaning Allah Kang Maha-Mirah, Maha-Asih. Matura, "Kawula nyuwun pangayoman dhumateng Gustining manungsa, "Rajaning manungsa, "Sesembahaning manungsa, "Saking piawoning tukang bisik-bisik ingkang sesidheman, "Inkang mbisiki manahipun manungsa. "Saking antawisipun Jin lan manungsa." (114:1-7)

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ﴿١﴾

قُلْ أَعُوذُ بِرَبِّ النَّاسِ ﴿٢﴾

مَلِكِ النَّاسِ ﴿٣﴾

إِلَهِ النَّاسِ ﴿٤﴾

مِنَ شَرِّ الْوَسْوَاسِ الْخَنَّاسِ ﴿٥﴾

الَّذِي يُوسْوِسُ فِي صُدُورِ النَّاسِ ﴿٦﴾

مِنَ الْجِنَّةِ وَالنَّاسِ ﴿٧﴾

الناس: ١ - ٧